ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№47 (24.017) ● 2020 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 23, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр хэтащ УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм и унафэщІхэм ирагъэкІуэкІа зэІущІэм

Видеоэзэпыщ1эныгъэ Іэмалхэр къагъэсэбэпри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Якушев Владимир иригъэкІуэкІа зэІущІэм.

АБЫ ЩЫТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ COVID-19 узыфэм зыщІиубгъу мы зэманым ухуэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьынымрэ ЖКХ Іэнатіэм и кьалэнхэр щызэблэу къэмыкІуэу игъэзэщІэнымрэ пыщІа Іуэхуэхэм.

Министрым зэІущІэм хэтхэм ягу кьиГъэкІыжащ Урысейм и Президент Путин Владимир ухуэныгъэ компаниехэм, зи лэжьакІуэхэр зымыгъэмащІэхэм икІи 2020 - 2021 гъэхэм зэфІагъэкІын хуей проектхэр яубзыхуа пІалъэм щхьІэ щІэсыр зэфІэзыгъэкІэхэм, кьыІаха щІыхуэхэм техуэ проектхэр хуагъэмэщІэну кьалэн къащищІауэ зэрящытар. НэгъуэщІ зэфІагъэкІынхэм ящІыщІ илъэсым процент 6,5-рэ фІэкІа зытемыхуэ льготэ ипотекэхэр псэупІэфІхэр къращэхун папщІэ тыныр, ухуэныгъэ компаниехэм инфраструктурэ проектхэр ягъэзэщІэным хуэунэтІауэ зэращІыпІэ зэгурыІуэныгъэхэм процент 50-м нэблагъэкІэ хагъэхъуэныр.

Якушев Владимир жиІащ цІыхухэр щымылажьэ мы зэманыр иухрэ Іэнатіэм игъэта хэщІныгъэхэр зыхуэдизыр Правительствэм кьилъытэжмэ, ухуакІуэхэм зэрызыщІагъакъуэ Іуэхуэхэм иджыри кьахэхъуэнкІэ зэрыхъунур: «Сервис псоми лэжьэн щІадзэжмэ, ухуэныгъэ псори ирагъэжьэжмэ, иджыпсту дызэрыт щытыкІэм хэщІыныгъэу кьыдитар зыхуэдизыр нАУэ хъунущи, дэ, дауи, дегупсысынущ Іэнатіэм иджыри зэрызыщІэдгъэкъуэну Іэмалыщ1эхэр кьыхэлъхьэным е, иджыпсту едгъэжьахэм ехьулІэныгъэхэр кьадэкІуэу тпъагъумэ, абыхэм адэкІи мылъку нэхъыбэ яхущІыдгъуным дыкъытеувыІэнкІи хъунщ», - жиІащ Якушевым.

А псом кьадэкІуэу Ухуэныгъэмрэ псэупІэмрэ министерствэр кІэлъыплъынущ псэупІэ ухуэныр зэрекІуэкІым икІи хэплъэнущ а унэтІыныгъэр кризисым кьишыныкІэ щыІэ Іэмалхэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министру гъэувын **Бэрбэч Алим Хьэзешэ и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м
№44-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ официальнэ сайтым теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм мазаем и 27-м къыдигъэкІа Указ №14-УГ-мкІэ къиштам, зэхъуэкІынныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ официальнэ сайтым теухуа Положениэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щиІэ официальнэ сайтым теухуауэ» 2019 гъэм мазаем и 27-м къыдигъэкІа Указ №14-УГ-мкІэ къиштам, зэхъуэкІынныгъэ хэлъхьэн, абы и 8-нэ пунктым хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэр зэхкІэлъызыгъакІуэ Управленэр» псалъэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІаУэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2020 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м
№42-УГ

● Гулъытэ

Къанокъуэ Арсен жиІар егъэзащІэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым КъБР-м къыбгъэдэкІыу щыІэ сенатор Къанокъуэ Арсен зэрыжиІам тету, нэкІуІупхъуэ мини 100 ди республикэм къригъашэри, цІыхухэм пщІэншэу хуагъэшащ.

КАРАНТИНЫМ и жьпхъэм емыбзкъуэн папщІэ, Къанокъуэм Интернетым кьрилъхьащ нэкІуІупхъуэ хуейкэм зэрызрагъэхтхыну телефон номерхэр. Ахэр цІыхухэм я унэхэм, Іуэхущ1анІэхэм хуэшэжьныкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуащ «Волонтёры-медики» Урысейпсо зэщІэхъеныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм хэт щІалэгъуалэр. ТхьэмахуэкІэ Бахьсэн, Тэрч, Аруан, Лэскэн, Дзэлыкъуэ, Шэрэдж, Шэджэм, Іущ1ащхьэмахуэ, Прохладнэ, Майр щыІналъэхэм машинэ 15-кІэ щызэбграшащ нэкІуІупхъуэхэр.

Мы махуэхэм газет къыдэкІыгъуэр зэпамыгъэуауэ лажьэ «Адыгэ псалъэм» и лэжьакІуэхэмкІэ къаІэрыхьащ нэкІуІупхъуэхэм ящІыщ. ФІыщІэ худощІ ди сенатор Къанокъуэ Арсен. НомерхэмкІэ псэлъа псомкІи, зыщІыщ къуажэм, къалэм емыльытауэ, Іэрагъэхьэжащ. Иджыри щІэльэІу щыІэщ нэкІуІупхъуэхэм. Ахэр дяпэкІи республикэм щызэпэубыдауэ щытынымэ, къригъэшэну и мурадщ Къанокъуэм.

Абы къыщыжиІащ, Инфекцэ узыфэхэмрэ СПИД-мрэ ебэнэныкІэ центрым щылажьэхэм папщІэ сенаторым къригъэшащ уз зэрыцІалэр зыпхымыкІ фэилъхьэгъуи 150-рэ, респираторхэр.

ДяпэкІэ ИВЛ аппаратхэр къищэхуу къригъэшэну и мурадщ.

Апхуэдэу Налшык къалэ дэт «Синдика» интур-хьэщІэщыр Къанокъуэ Арсен хуит яхуищІащ коронавирусым ицІэла сымаджэхэм яхэт медицинэ лэжьакІуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ пІалъэр щагъэкІуэну. АдыгэлІ жумартым ахъшэшхуэ хилъхьащ иджыпсту республикэм ис унагъэ хуэмыщІахэм, бынунагъэушхуэхэм, ныбжь зиІэхэм хуагъэш ерыскъыр къиэзращэху мылъкум.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Хуэныкъуэхэм зыщІагъакъуэ

Къэрал Думэм и депутат, «Урысей зэкъуэт» фракцэм хэт Марьяш Иринэ и жэрдэмкІэ, Бахьсэн районым хыхьэ Кременчуг-Константиновкэ щыпсэу бынунагъуэшхуэхэмрэ пенсэ ныбжьым ит нэхъыжь зыщІэсхэмрэ хуагъэшащ фошыгъу, хьэжьигъэ, макарон, дагъэ, тхъуцІынэ, кхъуей, шей, Іэфыкіэ, джэд зэрылъ хъуржын зырыз.

БЫН 11-м я анэ Къуэщ1ысокъуэ Оксанэ Марьяш Иринэ, щІылалъэ кІуЛыкъуэщІэхэм, Іуэхутхьэбащ1э щІалэгъуалэм фІыщІэ яхуищІащ дызэрыт зэман гугъум хуэныкъуэхэм зэрызыщІагъакъуэм папщІэ.

«Махуэ хъэси «Урысей зэкъуэт» партым и волонтёр центрым къращІыкІыурэ кьопсалъэ, ди Іуэху зыІутым, ди узынщагъэм кьыщІоупщІэ, унэм дыщІэсыну чэнджэщ кьыдат. Дэ кьыдгуроІуэ иджыпсту дохутырхэр, дэІэпыкъуэгъу псынщІэм щылажьэхэр зыІут Іэнатіэр, абы кьыхэкІыу Іэщ1агъэлІэхэм я чэнджэщхэр догъэзащІэ», - жиІащ бзылъхугъэм.

«Уз зэрыцІалэм дыщигъэгузавэ лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэдым кьаухэкІа цІыхухэм хабзэм зэрытетым, зэрызэдзэпкъуэжым, жэуаплныгъэ зэрахъэлъым и щапхъэ игъэлъагъуэ. Зэман гугъум цІыхухэм зэхэгъэж ямыщІу зы унэм хуэдэу зэкъуэуващ», - жиІэ Марьяш Иринэ.

Къэрал Думэм и депутатым кьыхигъащащ «Урысей зэкъуэт» партым и волонтёр центрым щыІэ ныбжьыщІэхэр жыджэру мы махуэхэм зэрылажьэр, хуэныкъуэхэм я деж занщІэу зэрынэсыр.

«Ди хэгъэгум мы телефоныр щолажьэ - 8 (8662) 77-00-40, къищынэмыщІауэ, щІыналъэ псоми штабхэр кьыщызэІуахащ, хуэныкъуэхэм я щІэ-унэцІэр кьыхатхыкІыу. Абы цІыхуи 100 бжыгъэхэр мазэ кьэс щолажьэ: кьуажэ, кьалэ, щІыналъэ администрацэхэм я лэжьакІуэхэр, партым хэтхэр, депутатхэр, ди республикэм щымыщащІэ цІыху гукъаІэбзэхэр», - дыщІигъуащ Марьяш.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Гу зылъытапхъэ

Нэхъ пуду Іэ тевдзэну фыхуеймэ

Дызэрыщыгъуаззэщи, мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ йоІуэкІ мы гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм я унэхэм хуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдзэныр.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 20-м къыщыщІэдзауэ Урысейм и Пощтым кьыхилъхьащ газетхэм процент 40-кІэ нэхъ пуду Іэ трегъэдзэныр. А акцэр махуипщІкІэ еКІуэкІыну аращи, зыхэмыгъэкІыж абы. Газетхэм Іэ тевдзэ хъунущ унэм фыщІэсуи е пощтэхьэр фи деж евгъэблагъэуи. Урысейм и Пощтым Интернетым щиІэ podpiska.pochta.ru сайтымкІэ апхуэдэ Іэхутхьэбзэ кьыфхуащІэнущ. Кьэралым кьыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ ящыщу 1700-рщ акцэм хиубыдар. Абы хэт кьыдэкІыгъуэхэм дамыгъэ хэха щхьэуклэпльыкІэхэр яІэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетри хагъэхьащ а махуипщІым кьрибыдзу нэхъ пуду Іэ зытебдзэ хъунухэм. Газетхэр, журналхэр фи щхьэм и мызакъуэу, фи Іыхьлыхэми, фи ныбжьэгъуэхэми яхуевгъэхь хъунущ. «Адыгэ псалъэм» и индексыр П 5894-щ.

Апхуэдэуи Урысейм и Пощтым пещэ «Гуапагъэм и жыг» зыфІащ псапащІэ акцэм. Хэку заэушхуэм ди кьэралым Текіуэныгъэ хъэзэрыщихьрэ илъэс 75-рэ щкирыкъуи и пэ кьихуэу ирагъэжьа а Іуэхур хуэгъэпсащ зауэм хэтахэм, ар зи нэгу щІэкІа нэхъыжьхэр дзэныхэх тхыгъэхэр кьызытехуэу газетхэмрэ журналхэмкІэ яхуэупсэным, ахэр абыкІэ гъэгуфІэныным. Акцэм хэтыну хуейхэм кьагъэсэбэп хъунущ podpiska.pochta.ru/derevo-dobra сайтыр.

*COVID-19 пандемием и ужьыхьыгъуэр кьыщысыным пэплъэ зэпыту мэпсэу цІыхубэр. Иджыпсту псом ялуэ я щхьэ зэрахъумэжьыным, етІуанэу я хэкъуэр зэрафІэмыкІуэдыным иужь итщ дэнэ щыпІэ щыпсэуэкэн. Адыгэхэр зэрыс хэгъэгъэм Іуэхуэр зэрыщыщытым, ди лъэпкъэгъуэхэм я гукъыдэжьр зыхуэдэм, къэралым кьыщыдэкІыр зэрызыхащІэм щыгъуазэ фытщІмэ ди гуапэу, фи пащхьэ идолъхъэ Осетие Ищхьэрэ - Алание, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щыпсэу ди ныбжьэгъуэхэм къыджаІахэр.

ДЕРБИТ Валерий
(Осетие Ищхьэрэ - Алание, Мэздэгу):

- Коронавирус уз Іейм игъэзавэхэм я щ ы щ щ ди республикэм ис лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэр, мэздэгу адыгэхэри. ЗэрыхъыкІэ, дызыкІэлъыплъыжыну, иджыпсту дэнэ щыпІи щагъэува жыпхъэхэм дытетыну иужь дитщ. Ди нэхъыжьхэм дахуосакъ, сабийхэр унэм щІэдгъэсщ, курыт ныбжьым итхэри, Іэмал зэриІэкІэ, цІыху щІэзэхуэс щІыпІэ кІуэркъым, лэжьыгъэм пэрытхэр мэлажьэ, мыдрейхэр дэсщ.

КьыхэзгъэщІыну сыхуейщ адыгэ щІалэгъуалэр жыджэру Іэуэлъхьэбащ1э гупым зэрыхэтыр. Фэ фызэрыщыгъуаззэщи, Осетие Ищхьэрэ - Аланиер лъпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэду зэхэсщ, Мэздэгуи апхуэдэщ. Аращи, мыбы лъэпкъ зэхэгъэж кьыщыкІуэкІыркъым, щыІэр Іуэхутхьэбзэ, гулъытэ хуэныкъуэрэ хуэмыныкъуэрэщ. Зы сымаджи, зыхуэзфІэмыкІыжи, зеиныи, ныбжьыдэкъуи кьагъанэркъым гулъытэншэу. Республик унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, цІыху щхьэхуэхэр шхынкІэ, хущхъуэкІэ, нэгъуэщІ зыхуэныкъуэ гуэркІэ цІыхухэм ядоІэпыкъу. А псори унэгъуэм лъагъэІэс ди щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ, лейуэ уэрамым зыри кьыдагъэхьэрэкъым.

Дэ сыт щыгъуи дигу зэрыгъур фэри фощІэ: ди бзэр, ди хабзэр тхъумэжьынырщ. Мы кьыптлъыкъуэкІа гугъуехьым емылытауэ, адыгэ сабийхэр адыгэбзэкІэ едгъэжьнэн зэпыдгъэуакъым. Абыхэм егъэжакІуэр онлайну ядолажьэ, иджырей технологием и Іэмалхэр кьагъэсэбэпу учэ лэжьыгъэхэр ящІыж, темэщІэхэр зэрагъащІэ. Дызэкъуэтмэ, дызэгурыІуэмэ, зэкъуэшхэр дызэдзэпыкъужмэ, цІыхухэм нэмыплъ зэдмытмэ, ди гуныкъуэгъуэхэр кьызэдгнэкІыфыну кьысщохъу. Мы бзылъхьми дыкъыхэкІынщ, абы дытетмэ!

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Абы дегъэпІейтей

Уз бзаджэм пэщІэтхэр

хэри, мэздэгу адыгэхэри. ЗэрыхъыкІэ, дызыкІэлъыплъыжыну, иджыпсту дэнэ щыпІи щагъэува жыпхъэхэм дытетыну иужь дитщ. Ди нэхъыжьхэм дахуосакъ, сабийхэр унэм щІэдгъэсщ, курыт ныбжьым итхэри, Іэмал зэриІэкІэ, цІыху щІэзэхуэс щІыпІэ кІуэркъым, лэжьыгъэм пэрытхэр мэлажьэ, мыдрейхэр дэсщ.

КьыхэзгъэщІыну сыхуейщ адыгэ щІалэгъуалэр жыджэру Іуэхутхьэбзащ1э гупым зэрыхэтыр. Фэ фызэрыщыгъуаззэщи, Осетие Ищхьэрэ - Аланиер лъпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэду зэхэсщ, Мэздэгуи апхуэдэщ. Аращи, мыбы лъэпкъ зэхэгъэж кьыщыкІуэкІыркъым, щыІэр Іуэхутхьэбзэ, гулъытэ хуэныкъуэрэ хуэмыныкъуэрэщ. Зы сымаджи, зыхуэзфІэмыкІыжи, зеиныи, ныбжьыдэкъуи кьагъанэркъым гулъытэншэу. Республик унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, цІыху щхьэхуэхэр шхынкІэ, хущхъуэкІэ, нэгъуэщІ зыхуэныкъуэ гуэркІэ цІыхухэм ядоІэпыкъу. А псори унэгъуэм лъагъэІэс ди щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ, лейуэ уэрамым зыри кьыдагъэхьэрэкъым.

Дэ сыт щыгъуи дигу зэрыгъур фэри фощІэ: ди бзэр, ди хабзэр тхъумэжьынырщ. Мы кьыптлъыкъуэкІа гугъуехьым емылытауэ, адыгэ сабийхэр адыгэбзэкІэ едгъэжьнэн зэпыдгъэуакъым. Абыхэм егъэжакІуэр онлайну ядолажьэ, иджырей технологием и Іэмалхэр кьагъэсэбэпу учэ лэжьыгъэхэр ящІыж, темэщІэхэр зэрагъащІэ. Дызэкъуэтмэ, дызэгурыІуэмэ, зэкъуэшхэр дызэдзэпыкъужмэ, цІыхухэм нэмыплъ зэдмытмэ, ди гуныкъуэгъуэхэр кьызэдгнэкІыфыну кьысщохъу. Мы бзылъхьми дыкъыхэкІынщ, абы дытетмэ!

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и комсомолыр нобэ илъэси 100 ирокъу

ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ

Махуэ къэбгъэщІар уи дыгъуасэщ, жаІэ. А дыгъуасэм къыщынэ гъащІэм ухуеплъэкІыжьыху, адэкІэ къэбгъащІэр зэтес ирипщІыну, зэфІэмыхьэ гуэр иризэфІэпхыну Іэмалынишэу зыгуэрхэр кьыхьобжьк. ПІэужьхэр зэпызыщІэри арагъэнущ. ХьэтІохъущыкъуей жылэр, нобэ Зеикъуэкіэ зэджэр, къуажэжьщ, тхыдэ къэхъуькъащІэбэ и нэгу щІэкІауэ. Абы и куэщІым цІыху цІэрыІуэ куэд къихъуКІащ, къигъэщІар нэгъэсауэ тхыдэщ зыхужьпІэ хъунухэр мащІэкъым, зи дуней тетыкІар пщыгъупщэ мыхъунухэри куэду яхэтщ.

АБРЭДЖЬКІЪУЭХЭР - арат къуажэдэс нэхъыжьхэр Шурдымхэ я зы къудамэм зэреджэр. ЩЫпІэ жьжьэ къыззрикІыжьыр къапщІэу, зи уанэ къуапэм гъэмылэр екІэпха, хьэзыр Іуэхуэрэ пыІэщхъуэ лъагэ хъужу лІыр къуажэ жэмыхьэтым къащцыхьыхьа махуэр кьудрэ яІуэтэжьыр. ХьэтІохъущокъуэхэ шурылъэс джэгу зэрызэхашэм и хъыбарыр зэпрадзыжу яІуатэрт къуажэдэсхэм, лъэсу хьихьэу Іэпщэ пцІанэкІэ шур уанэгум къиэзыхьи пщым щІы Іыхьэ зэрыхупичынури хэту... Абрэдж - арат и цІэр шуюейм, лъэсыриджэгухэм зэрыхахьэнур хэкъуэзауэ жиІащ, текІуэныгъэр кьызэрыдихьынури кьыпигъэувэжащ. ЗэрыжиІам хуэдэуи хъуат - Абрэдж лъэсхэм яхуэвэри икІи кьихьэхуащ, щІы Іыхьи кьыхихащ. Абдежкьыщежьащ Абрэджьыкъуэкр. Абрэдж и цІэр хьэтІохъущыкъуейхэм ягу кьыщІинам нэгъуэщІ щхьэусыгъуэри иІэщ: щІыкІэ фІыуэ, и пІалъэ ищІэу щытащ. Къуажэм щызэрахуэ шыр кьахьихьа узым имыхьу кьызэтенауэ щытащ Абрэдж и фІыгъэкІэ.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 23, *махуэку*

♦**Тхьилъымрэ авторым и хуитыныгъэхэмрэ я дуейпсо махуэщ**
♦**Инджылызыбзэм и дуейпсо махуэщ**
♦**Испаныбзэм и махуэщ**
♦**Тыркум щагъэлъапІэ и кьэралыр суверенитетымрэ сабийхэр хьумэнымрэ я махуэр**
♦**Израильм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**
♦**Испаниэм зыгуэкІуахэм я махуэр щагъэлъапІэ**
♦**1836 гъэм** Петербург кьыщыдэкІащ «Современник» журналым и япэ номерыр.
♦**1907 гъэм** Чейни Гриффит Джон (цІыхубэм Лондон Джек цІэмкІэ яцІыху хъуа тхакІуэр), Сан-Франциско щежьащ дунейм и хъурейгъэ кхъыкІэ зэщІигъэхьэну.
♦**1908 гъэм** Москва и тхыдэм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщ псыдзэ кьыщІэуауэ щытащ.
♦**1920 гъэм** кьызэрагъэпэщащ Тыркум и Лъэпкъ зэхуэсышхуэр (парламентыр).
♦**1943 гъэм** СССР-м и Совнаркомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз хозяйствэр зэфІэгъэувэжыным теухуа унафэ кьищтащ.
♦**1951 гъэм** СССР-м и Олимп комитетыр кьызэрагъэпэщащ.
♦**1964 гъэм** СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ кьиштащ макъ зытратхэ пластинкэхэр кьыщІэзыгъэкІ «Мелодия» фирмэр кьызэгъэпэщыным теухуауэ.
♦Инджылыз драматург щэджащэ **Шекспир Уильям** кьызэралъхурэ илъэс 456-рэ ирокъу.
♦Урыс композитор, пианист, дирижёр цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубз артист **Прокофьев Сергей** кьызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубз тхакІуэ **Теунэ Хьэчим** кьызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.
♦Совет тхакІуэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІыу щыта, УФ-м гъэзэджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Скороходов Глеб** кьызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.
♦Совет актёр, сурэтыщІ, УФ-м и цІыхубз артист **Прыгунов Лев** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.
♦Генерал-лейтенант, Абхъаз Республикэм зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру щыта, Абхъазым и ЛІыхъужь **Сосналы Сулътіан** кьызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
♦Футболист Іэзэу щыта, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, СССР-м щІыхь зиІэ и тренер **Бышовец Анатолий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыгъ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градус 4 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 24, *мазэм*

♦**Дипломатием и дуейпсо махуэщ**
♦**ЩІалэгъуалэм я зэкъуэтыныгъэм и дуейпсо махуэщ**
♦**Къуэш зэрыщІа къалэхэм я дуейпсо махуэщ**
♦**Лабораторэхэм кьыщагъэсэбэп псэущхьэхэр хьумэным и дуейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и МЧС-м и лэжьакІуэхэр зи къалэн зыгъэзащІэу зэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ**
♦**США-м щагъэлъапІэ жыг хэсэным и махуэр**
♦**Ермэлы лъэпкъым залымыгъэ щыкІэлъыІэзэрахьам хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ**. 1915 гъэм Уэсмэн пащтыхьыгъуэм щыгъэтрауКІащ ермэлы лъэпкъым щыщ къуэ. Абы-хэм илъэс зыбжанэкІэ леишхуэ кьащытехьащ Тыркум.
♦**1800 гъэм** США-м и президент Адамс Джон Конгрессым и библиотекэр кьызэригъэпэщащ, тхыльхэр хъэщхэуным доллар минитху хухихри.
♦**1803 гъэм** Урысейм и император Александр Езанэм Іэ щІидзащ Кавказым и Минеральнэ псыхэм ятехуха унафэм. Абы щыубзыхуат псы хущхъуэхэм къэралым и цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэри, ахэр нэсу къэгъэсэбэпа хъун папщІэ зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ кьызэгъэпэщыныр.
♦**1833 гъэм** газ зыхэт псыр кьызэрагупсысам теухуа тхылъ ятащ. Ар кьэзыгупсысар Инджылызым щыщ Пристли Джозефт.
♦**1944 гъэм** кьызэІуахащ ещанэ Белорус фронтыр.
♦Адыгэхэм я къеКІуэкІыкІар зыдэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кушевэ Екатеринэ** кьызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.
♦США-м щыщ уэрэджыІакІуэ, актрисэ цІэрыІуэ, композитор **Стрейзанд Барбарэ** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.
♦УэрэджыІакІуэ, Ингушэ Республикэм щыхьэзиІэ я артистэ **Даур Иринэ** кьыщалъхуа махуэщ.
♦Урысей гимнастхэ, дунейми Европэми я чемпионкэ, Алыджым и кьалащхьэ Афинхэм 2004 гъэм щекІуэкІа гъэмахуэ Олимп Джэгухэм дыжьын медаль кьыщызыхьа **Чащинэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриІыгъ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градус 4 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи былым кІуэдам гуэныхьищэ къехь.

Щапхъэ зытрах Къэхъун

ЗылI и быну

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ нэхъыжьхэм икIи нэхъ инхэм ящыщ Аруан щIынальэм хыхьэ Къэхъуныр. НобэкIэ абы дэс унагъуэ 1589-м цIыху 7152-рэ щопсэу. Iумахуэщ а жыIэрикIи лIыгъэ зыхэлъщ и цIыхухэр. Абы и цIэр фIыкIэ щигъэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрми къэралми зэрыщыту.

1941 ГЪЭМ мэкъуаэгъуэм и 22-м къэхъея зауэ гущIэгъуншэм, адрейхэми хуэдэу, гуIэгъуэ хуэд къахуихьащ къэхъундэсхэм. Ахэр зылI и быну бий хьэщхьэрыIуэм пэщIэуащ икIи хэти фронтым, хэти тылым я пси, я къаруи щемыблэжу текIуэныгъэр кагъэблэгъащ. ЖыпIэну иригъэкъунщ Къэхур яхъумэжыну зауэм дэкIа цIыху 350-м щигъуи ящыщу 218-м къызэрамыгъэзэжар.

ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ кагъэлъагъуэу бийр зэтракъутащ Къэхъун дэкIа куэдым. Уэрэдхэр хуауат, усэхэр хуэзэлъхьат фашисти 125-рэ зэтезыукIа снайпер Iэзэ Жамборэ Щэуал. Абы Зауэ Бэракъ ПлIыжь ордену тIу къыхуагъэфэщат. Берычэт Сэрэбий и бгъэм хэлът Хэку зауэ орденым и II нагъыщэр, ЩIыхь орденым и III нагъыщэр, зауэм къыщихьа медалитхур. Вагъуэ ПлIыжь орденымрэ медалиплIрэ къратат тIасхъэщIэх хахуэ КIэш Хьэту. Къэрэ Мусэ, Семэн Нэиб, Шыбзыхьуэхэ Гъумар, Хьэсэн, Чэлимэт, ШащIэ Мухьэжыр, Бырдэн Iэдил, НэщIэныджэ Атхъэм, Абазэ Хьусен, Бэрэздж Iэдил, ЖылаесэХьэджэрий, Борий Жантемыр, Тэхъу Мухьэмэд, Джатокъуэ Хьэжмурид, Жэмыхъу Илья, Такъ Аскэрхъан, Понэж Мэчрэйил сымэ, нэгъэщIхэми орденхэмрэ медалхэмрэ я лIыгъэм къыпэкIуат.

Зауэ къыщыхьукIэ цIыху куэд хокIуадэ, ар узыфIэмыкIыфын Iуэхугъуэщ. Ауэ гуIэгъуэр тIуащIэ-щащIэ мэхъу зэкъуэш зыбжанэм абы я щхьэр щыхалъхьэм и деж. Апхуэдэу Хэку зауэшхуэм я псэр щатащ я къару илъыгъуэрэ я дахэгъуэу Жамборэ Хьэмид и къуипплим - Джэху, Тобий, Мухьэмэд, Къэралбий. Я кьуэ щырыщ яфIэкIуэдащ Къандэхьуэ ЦIыкIуэр, ХьэхъупащIэ ТIуI, Шыбзыхьуэ Батокъуэ сымэ я унагъуэхэм. Абыхэмэ, адрей къэзымыгъэзэжа псомэ я цIэ-унэцIэхэр тету ТекIуэныгъэ Иныр зэхъэхрэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу Къэхъун фэеплъ щагъэуващ.

Къуажэм къыдэна лIыжь-фызыжьхэр, цIыхубзхэр, ныбжьыщIэхэр жэщ-махуэ жамыIэу губгъуэм итт, фронтым Iутхэр ерысакъыкIэ къызэрагъэпэщу. 1941 гъэм Къэхъуным гъавэ бэв къыщагъэкIащ икIи хэкIуэдыкIынщэу кърахьэлIэжри, къэралым и гуэным ираклитащ. КъыщынэмыщIауэ, къэхъундэс куэд Къэрэгъэщ и деж щIытIым щыIащ. Къуажэ Советым и тхьэмадэ ТхьэзэпIэ Елдар зи унафэщIу Къэхъун икIа бригадэм фашист танкэр къызэтезыгъэувыIэ кIэнауэхэр метриплI и бгъуагъэу метриш и куагъэуу окопхэр, дотхэр, дзотхэр ди зауэлIхэм папщIэ Джылахъстэнэм щиухуащ. ГуащIэдэкI лэжьыгъэм щIипэрытхэт Мэмыхъу Къэралхъан, Нэзэр Лацэ, Берычэт Баблинэ, НэщIэпыджэ ФатIимэт, ТхьэгъэлэджэТаун сымэ, нэгъуэщIхэри. Нэхъыбэру щылажьэр жэщрат, сыту жыпIэмэ, махуэм нэмыцэ кхъухьлъатэхэм лагъымхэр кьыхадзэрт, топкIэ кьахэуэрт.

Зауэм и пэщIэдзэм Къэхъун журт гупышхуэ къэкIуащ, абгъэрыкIуэ зэпыт фашистыдзэм зыщахъумэу. Абыхэми, иужькIэ нэгъуэщI щIипIэхэм кьикIа куэдми дзIэпкъыныгъэ, псэупIэ, щыгъын, ерыскъы, лэжьыгъэ жьлэм щагъэуэтащ.

Бийр гъунэгъу къыщыхъум, колхоз Iащым я нэхъыбэр къуршым зэпрахри, Куржьм (Грузием) щагъэпщкIуащ. Къуажэ администрацэм и дэфтэрэхэр зэуIу ящIри щIатIащ.

Ди щIыпIэм къыщызэрагъэпэщ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм къэхъундэсхэр мыльку кIи, щыкIи, цIыхукIи жьыджэру хэтащ. Абы щыщ дзэхэм зыщагъэсащ Къэхъун яхужьмэ. 115-нэ шу дивизэм хэту лIыгъэ зэрахьэу Хэкур яхъумащ Бырдэн Хьэмзэт, Къэмбэчокъуэ Алий, Езий Кушыку, Берычэт Нурхьэлий, Пьэпщокъуэ Мухьэмэд, Джатокъуэ Хьэжкъасэм сымэ.

Нэмыцэхэр къуажэм дахужа иужькIэ къэхъундэсхэр аргуэру фронтым телажьэ хъуащ. Абыхэм даIыгъащ Тамбов колхозхэтхэм я жэрдэмкIи икIи «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм - ажал!» зыфIаща танк колоннэм мыльку хушхуэ халъхьащ. Жьыджэру абыхэм заемым Iэ традзащ, фронтым щыгъын хуабжэр, ерыскъыхэкIхэр ирагъэшащ. Псоми къагурыIуэрт ахэр текIуэныгъэм я хэлъхьэныгъэ зэрыщыгъыр, ди зауэлIхэм я къэрыпхъ дэтхэнэ зы дэIэпыкъуныгъэри бийм щэуэ зэрытехуэр.

Зауэ нэужькъ лъэхъэнэм Къэхъуным зыдиужьыжащ. ЗэфIэгъуэзэжа хъуащ колхозыр, къызэIуахьжащ ерджалIэр, амбулаторэр, пощтыр, тыкуэныр, нэгъуэщI IухъущIапIэхэри. Куэд дэмыкIыу къэхъундэсхэм я цIэ республикэми къэралми щыIуащ. Арщхьэкlэ абыхэм я ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэр щалар щIыпIэ хозяйствэр Жамборэ МуIэед и унафэм щыщIэта блыщI гъэхэращ. Къапщтэмэ, 1970 гъэм екIуэкIа союзпсо зэхьэзэхуэм «Къэхъун» Iащгъашхэ совхозым итIуанэ увыпIэр къыщихьащ. ИлъэсэдэкIри, Урысей Федерацэм пашэныгъэр щиубыдащ. 1973 гъэм аргуэру ехъулIэныгъэшхуэ къэхъундэсхэм яIащ, урысейпсо зэхьэзэхуэм итIуанэ увыпIэр къыщихьри.

АбыкIи къызэтеувыIакъым къэхъундэсхэр. 1974 гъэм яIа ехъулIэныгъэфIхэм Iэмал къитащ Совет Союзым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуэу КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м, ВЛКСМ-м я Бэракъ ПлIыжь зэIэпахыр зыIэрагъэхьэну. Ебгъуанэ илъэситхум кърикIуэхэр къапщытэжа иужькIэ, «Къэхъун» совхозым къэралым и фэеплъ дамыгъэрэ Бэракъ ПлIыжь зэIэпахрэ кратри, СССР-м и ВДНХ-м и Союзпсо щIыхь пхъэбгъуэм иратхащ.

МыплIку и закъуэкIыжьым къэхъундэсхэр зэрыбейр. Къулейщ ахэр цIыху щэджащэхэмкIи. Я цIэ къыпIуэну иригъэкъунщ цIыхубз усакIуэ Къэхъупащ Амырхьанрэ абы и кIуэ щыкIэпшынауэ Iэзэу щыта Хьэсэнрэ, снайпер цIэрыIуэ Жамборэ Щэуал, зи гущIэдэкI лэжьыгъэм игъэлъэпIащэу НэщIэныджэхэ ФатIимэт, КIэш Гущагъэгъ, Мэмыхъу Къэралхъан, Жамборэ МуIэед, Бырдэнгъущ Iэмырбэч, кълыпкъу лъагэ яIыгъыу лэжьакъу Шыбзыхьуэ Чэлимэт, Берычэт Хьэжумар, Мэжджыхь Нух, Къандзэкъу Мухьэрбий, Жылаесэ Жырасльэн, Езий Хьэжмурат, дохутыр Iэзэзэу Лъэпщокъуэхэ БетIал, МутIалиб, Хьэжысмел, Жэмыхъуэ Нэсабий, журналист, цIыдыIуэ НэщIэныджэ Иврэхьим, щIэныгъэхэмкIэ докторэшу Къэмбэчокъуэ Iэдэм, Джатокъуэ Олег, уэрэджвIакIуэ Къул ФатIимэ, ТхьэгъэлэджэхэМуратрэ Заурэ, нэгъуэщI куэдми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ТекIуэныгъэм и махуэр ягъэлъапIэ. *2005 гъэ*

Ветеранхэм я советым и тхьэмадэу щыта Жэмыхъуэ Щыхьырбий махуэшхуэм хэтщ.

И лIыгъэм уэрэд хуэфащэт

ЛIыхъужьыгъэ зэрахьэу Хэкур яхъумащ Къэхъун къуажэм щалъхуа куэдым. Абыхэм ящыщ зи гъащIэр щапхъэу щIэблэ куэдым хуагъэпсалъэгъуэ зауэлI хахуэ Жамборэ Щэуал Къасым и къуэр.

И НЫБЖЬЫР ирикъри, 1939 гъэм и мазаем ар къулыкъу ищIну дзэм иреджащ. ИкIи Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям и япэ махуэхэм щагъэжьауэ бийм пэщIэтахэм яхэтыну къыхуихущ. Сыт хуэдэ гугъуехьэр пСЭЭПЫПЫхьэпIорэ имыхуэми, къыщыхъу щыIакъым абы и щIыб къыщигъэза е си щхьэр нэхъыфIщ жиIэу къыщыдзыха.

Зауэ Iэнатlэм тынш щыIэкъым, ауэ снайперхэм яйр адрейхэм къащхьэщокI. Абы шыIэныгъэшхуэрэ Iэрыхуагъ инрэ хэлъын хуейщ. Апхуэдэхэр, дауи, куэд хъуркъым икIи ахэр зыриз-тIурытIурэ адэ-мыдэкIэ дзэм къыщыхахыпкI. ТегъэщIапIэ нэхъыщхьэ ящIырт, къыщыжьыщIауэ, и хьэл-щэныр, щIыхугъэр, зэфIэкIыр. А псом ищIыжькIэ снайперу къащтэнум езым и фIэфIыныгъэ абы хэлъын хуейт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдизу «кхъуэзанэм щIагъэкI» Iэнатlэм пэрыувэну щIэхъуэпсэхэр, ар зыхуэзэфIэкIынухэр мащIэт.

Зыхэхуа батальоным щыщу снайпер хъуну хуейуэ къахэкIар Жамборэ Щэуал и закъуэт. Абы щэрыуэу фоч игъауэрт, абы къыхэкIыуи зауэм щIимыдзэ щIыкIэ «Ворошилов фочгъауэ» щIэр къыфIащат. Къыдзэзауэхэм я гугъэт армэм ипэкIэ Щэуал щакIуэ Iэзэу щытауэ, зытригъапсэр хигъащIэ зэпыту къызэрекIуэкIым папщIэ.

Зауэ Бэракъ ПлIыжь орденыр абы къыхуагъэфэщауэ щытащ бий 25-рэ зэрыхигъэщIам папщIэ. Зэман дэкIри, апхуэдэ дыдэ орден етIуанэуи кратащ. Абы щыгъуэм Жамборэм фашист 75-рэ зэтриукIат.

Мыгувэу Щэуал и сурэтымрэ и лIыгъэм теухуа тхыгъэмрэ совет лъэхъэнэм нэхъ мыхьэнэшхэу дыдэ зиIэу щыта «Правда» газетым къытехуащ. Апхуэдэу къэралми щалъхуа щIынальэми щызэлъащIысащ снайпер Iэзэ адыгэ щIалэм и лIыхъужьыгъэм теухуа хъыбарыр. Абы иригушхуэр къызыхэкIа Жамборэхэр я закъуэкъым.

Щэуал зэрихьэ лIыгъэмрэ къигъэлъагъуэ хахуагъэмрэ ятеухуауэ 1943 гъэм Къэхъун пэкIушхуэ щекIуэкIащ. Абы хэтахэм я лъахэгъуэм хуагъэхьа письмом итт: «Иджыри къэс хуэдэу лIыгъэ пхэлъу адэкIи зауэ. Ущымысхь, ди Щэуал, нэмыцэ фашистхэм, букIахэм я бжьгъэм махуэ къэс хэгъахьэу! Ар пхуэтщI унафащ. Дэрэ укъыдогъэгугъэ, ди зауэлI хахуэ, Дзэ ПлIыжьымрэ совет щIыхубэмрэ я пащхьэм щыдиIэ кьалэнхэрщIигъуэуикIифIагъинИэудгъэзэщIэну». КъызыдэкIа жьлэм и унафэр и псэр пытыху Жамборэ Щэуал игъэзэщIащ.

... Хэку зауэшхуэр иухыным зы илъэс кьэнэжауэ, 1944 гъэм накъыгъэм и 8-м, Заполярьем щызауэ ди сэлэтхэм посылкэхэр яIэрыхьащ. А махуэм Щэуал и отделенэр и гъусэу и ныбжьэгъу икIи и лъахэгъу псыгуэнсудэс Мыз ТIутIэ зи унафащI взводым и хэщIапIэм щылэт. ЗауэлIхэр хуабжьу щигуфIыкIащ посылкэхэм Къэхъун икIаи зэрыхэтыр. Абы илъыр Iэфiу эздашхащ, щалъхуа адыгэ щIынальэр ягу къагъэкIыжащ. Зауэр ирихмэ ящIэну я мурадхэмкIэ эздэгуэщIащ.

Щэджагуэр нэужь хъуауэ Жамборэр и отделенэр игъусэу къежьэжыну зыщIэхъэзэрым ТIутIэ абы елъэIуащ:

- Щэуал, кхъыIэ, пшапэр зэхэуэхукIэ умыпIащIэ. Жэщ хъумэ, нэмыщхэм нэхъ укъамылъагъуу укIуэжыфынщ.

- Умыгузавэ, - жэуап кьитащ абы, - закъедгъэлъагъункъым. Пшапэр зэхэуэхукIэ иджыри фашист Iэджи хьэдрыхэ дгъэкIуэну кьытпоплъэ.

Мыз ТIутIэ щIэгъэавэм щхьэусыгъуэ иIэт. Жамборэр и гупыр дэщIыгъуэу здыкIуэцIрыкIыжьи хуей щIыпIэр нэмыцэхэм я Iэгум илъын хуэдэу нэщIт икIи зыри щызэрагъакIуэртэкъым.

Гу лъамытэу къэнакъым махуэ шэджагъуэм губгъуэм зэпрыкI совет сэлэтхэм икIи абыхэм кьахэуэу хуежьащ. Къэуа лагъымхэм ящыщ зым и кьутахуэм лъихъужьым и гур къигъэувыIащ. Абы щыгъуэм Щэуал и ныбжьыр илъэс 25-рэ хуэ къудейуэ арат икIи а зэманым ирихьэлIэу фашисти 125-м я псэр игъэнат.

Ныбжьэгъу пэжым и кIуэдыкIар гущIыхь я ящыхъуащ къыдзэзэуахэм. Абыхэм тхьэ яIуащ фашисти 100-кIэ яль ящIэжьыну. Щыхьэдагъэшхуэт Къэхъун иуважэмэ.

Лъэпкъмэ, жылэмэ, Хэкуми ящыгъупщакъым я щIыхьыр къэзыIэта, ар бий гущIэгъуншэм щызыхъуэма Жамборэ Щэуал. Абы и цIэр ноби Къэхъуни Нарткъали я уэрамхэм зэрахьэ, псэуэ зи лIыгъэм уэрэд хуауса лIыхъужьым и щапхъэм щIэблэщIэр щапIыкI.

ТАМБИЙ Линэ.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж щытщ *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)* **Къандэхъуэ Леонид, Гулэжьи Беслъэн, Шыбзыхъуэ Хъазбэч.**

ЩIыхь къэрэгъул.

Уз бзаджэм пэщIэтхэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

НЫБЭ Анзор *(Краснодар край, Лазаревскэ):*

- Мы къэхъуэкъащIэр, япэщIыкIэ дыэрэимыгугъауэ, хуабжьу шынагъуэу икIи ину къыщIэкIащ. Эпидемием уигъэгузавэу псынщIэу зыщыбгъу дуней псом, ар щыета къэрал щхьэхуэхэм я мызакъуэу, цIыхуцIэ зиIэ псом я дежкIэ гущIэгъуншэу къыщIэкIыныр зыхуэIуа щыIэкъым. Урысейр къащтэмэ, пандемием ди къэралым зыщимыужьын папщIэ Iэмал хъарэынэхэр занщIэу къыщагупсысащ, карантиным и жьпхъэ ткIийхэр щынальэ щхьэхуэхэм щагъэуващ, абы щыщщ Краснодар крайр. Гъатхэпэм и 31-м щегъэжьауэ мэлыжьыхьым и кIэ хъуху къыпащащ, зэхэзэкIуэр щагъэмэщIащ Сочэ къалэми шапсыгъэхэр нэхъыбэу щыпсэу ТIуапсэ районми.

Нобэкъ Сочэ щыщу коронавирус уз зэрыщIалэр кьызэуIалахэм я бжьгъэр 60-м ноблагъэ, абы и гъунэгъу ТIуапсэ районым цIыху 36-рэ сымаджэ щыхьащ, хы Фlыщ1э Iуфэм Iус адыгэ жылагъуэхэм, Тхьэм и шыкуркIэ, зэкIэ вирусым игъэгузавэ къытхэткъым.

Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид зэрыжиIамкIэ, ар махуэ къэси япыщIащ Жылэ Хасэхэм я тхьэмадэхэм, я Iуэхур зыIутыр зрегъащIэ, гугъуехь къалъыкъуэкIмэ, зэрагъэзэхуэ. МызыгъуэгуфIэ, къуажэдэхэм гуныкъуэгъуэ яIэкъым, сымаджэ хъуа яхэткъым, зрагъэува жьпхъэхэр къайхьэлъэкIми, щытыкIэр зэпIэзэрытщ, цIыхухэм я щхьэ, я унагъуэ Iуэху зэрахуэж, щIантIэхэр, хадзкэр ягъэкъабзэ, гъатхэ лэжьыгъэхэм иужь итщ.

Шапсыгъ Хасэм и лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, уз зэрыщIалэр кьемыжьэ щыкIэ, Адыгэ тхьбзэм и махуэр дахэу ягъэлъэпIащ, «Сад Памяти» дунейпсо Iуэхум екIуу хэтащ икIи ГIыщмей Ин жылэмрэ Сочэрэ Тхьлъ Плъыжьым ихуа чэщей жыгыщIэхэр щагъэтIысащ. Дяпэкlэ апхуэдэ лэжьыгъэхэм зэхъуэкIыныгъэ ягъуэтынщ, дызэрыхуа щытыкIэм ехьэлIауэ. Иджыпсту, псалъэм папщIэ, Адыгэ ныпым и махуэр гъэлъэпIа зэрыхъуну Iэмалхэм йогупсыс.

Сыт хуэдэ гугъуехь дыхьэмыхуами, шапсыгъэхэм я гур ягъэкIуэдыркъым, гушIыр я щIасэщ - «Коронавирусыр езыр кьытщрешынэ!» - жаIэ абыхэм.

* * *

ЩАНЭ Рэмэзан *(Краснодар край, Армавир):*

- Мы Iуэхум иримыгузавэ зы цIыхуи кьытенакъым дунейм. Ди къэралым абы зыщемыгъэубгъунымкIэ Iуэху кугъэ щызэфIагъэкIащ, сымаджэ хъуэхэм я бжьгъэм хэхъуэмэ, абыи хуэхьэзырыщ, иджыкIэ узыр хуэмэ фIэкIа зэрымыцIэлэн папщIэ яIэжкI къагъанэркъым.

Краснодар крайр къащтэмэ, жьпхъэ щхьэхуэхэр зэрыхьэзэрийм зэгъэтIылъэкI имыIэу къыхуагъэсэбэпа Iэмалхэм я фIыщIэщ, дауи, а уз зэрыщIалэм КъШР-м щIэх зэрызыщимыубгъуэр. Хэгъэгу гъунапкъэхэр зэхуамыщIами, кьихьэ-икIыжкэр набдзэгубдзапIэу щIапIэыкIын зэуэ щадзащ. ЦIыху гъащIэмкIэ мыхьэнэщхуэ зымыхь Iуэхущ1апIэхэр зэхуащIащ. Арами, сымаджэхэр нэхъыбэ хъуащ, ди хэгъэгум щыщхэр кьалэщхуэхэм кьикIыжу щыщIадзэм.

Нобэкlэ COVID-19 уз зэрыщIалэр зыпкърытхэм я бжьгъэр 190-м щIигъуащ. Абы щыщу нэрыбгэ 30-м щIигъур игъэжьэзыра госпиталым щIэлъщ. Адрейхэр я унэхэм къыщIамыгъэкIыу щIагъэсщ, дохутырхэр кIуэурэ якIэлъопIъ...

Махуэ къэс Оперативнэ штабым ИнтернетымкIэ цIыхухэм хъыбарыщIэ Iэрагъэхьэ. Пэжщ, ди цIыхухэм мы Iуэхум хуаIэ щытыкIэмрэ абы иратмыхьэнэмрэ куэду зэщхьэщощI.

КъШР-м и Унафэщ1ым цIыхухэр Iэмал зэрилэжьэ унэм щIэхъэну къыхуриджэ зэпытми, уэрамым щызэекIуэр мащIэкъым. Транспорт зэхэзекIуэри куэдщ. А псори къызыхэкIыр, дауи, Интернетым кърах хъыбар нэпIэхращ. Язныбжьхэм Iуэхур политикэм хуагъакIуэ, нэгъуэщIхэми быдзу я фIэщ мэхъу а уэзыр кьаймыуэлIэну.

Пэжщ, кьытхэтщ нобэрей зэрыхьэзэрийм игъэпIейтейхэри. Апхуэдэхэм цIыху гъащIэмкIэ жэуаплынигъэ яхьу, кьытхуагъэува щытыкIэм гуфэлIащ, зэрагъэкIкIэ унэм къыщIэкIырхъым.

Республикэм и унафэщIхэри набдзэгубдзапIэщ. Iуэхум IеIэ и лъэныкъуэкIэ зихъуэжми, абы зэрыхуэхъэзырыр жаIэ. Дохутырхэм я шынагъуэншагъэр хъумэныр ипэ ирагъэщ.

Ди хэгъэгум щIэныгъэ, текстильм епха нэхъ Iуэхущ1апIэ иным, Къэрэшей-Шэрджэсым и Iэтащхьэм и лъэIукIэ, куэдрэ къэбгъэсэбэп хъу нэкIуIулъхьэхэр щад.

Коронавирусым псапэ щIэным пыщIаэр наIуэ къещI. Хьэрычэтыщ1э щэным зэрызыщIыпхъумэ Iэмалхэмкlэ, хьэпшыпхэмкIэ республикэм щIэпсэуэхэм зыщIагъакъуэ. Зыхуэзэфlэмыкlхэм, зи закъуэу псэухэм ерыскъыкIэ, медицинэ хьэпшыпхэмкIэ ядоIэпыкъу.

КъШР-м кьыщызэрагъэпэщауэ мэлажьэ зыуэ щыт волонтёр штаб. Нобэ абы пыщIа нэрыбгэ 600-м нэхърэ нэхъыбэм цIыху миныбм щIигъуи ядэIэпыкъу щащ. Абы дэIэпыкъу ныбжьыщIэхэр зи ныбжь хэкIуэтахэм, сымаджэхэм зыхуэныкъуэхэмкIэ щIэгъэкъуэн яхуохъу.

Мы зэрыхьэзэрийм и зэранкIэ, иджыри зы Iуэхугъуэ мытынш пэщIэхуащ жылагъуэр - дистанционнэ гъэджэныгъэр къызэгъэпэщыныр. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, егъэджакIуэхэри, адэ-анэхэри, сабийхэри зи гугъу тщIы Iуэху бгъэдыхьэкIэм хуабжьу гугъу ирегъэхь. Псом хуэмыдэу къуажэ пхыдзаэхэм, Интернет зэпыщIэныгъэр щынэхъ тIасхъэхэм деж ар щынэрылъагъуэ. Ауэ цIыхухэм, зэрахуэзфIэкIкIэ, зыIутыр, зэман гъунэгъуэм щытыкIэр тэрэз хъужыным щогугъ.

Пэжщ, КъШР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, Интернет зэпыщIэныгъэр фIыуэ зэмыкIуалIэ жылагъуэхэр абыкIэ жьыджэру зыльэщIа-гъэхьэ. КьищынэмыщIауэ, сабийхэр Интернетым зэрихьэн Iэмэпсымэхэри ныбжьыщIэ 1500-м Iэрагъэхьащ...

Зытхыжар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

И лIыгъэм уэрэд хуэфащэт

ЛIыхъужьыгъэ зэрахьэу Хэкур яхъумащ Къэхъун къуажэм щалъхуа куэдым. Абыхэм ящыщ зи гъащIэр щапхъэу щIэблэ куэдым хуагъэпсалъэгъуэ зауэлI хахуэ Жамборэ Щэуал Къасым и къуэр.

И НЫБЖЬЫР ирикъри, 1939 гъэм и мазаем ар къулыкъу ищIну дзэм иреджащ. ИкIи Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям и япэ махуэхэм щагъэжьауэ бийм пэщIэтахэм яхэтыну къыхуихущ. Сыт хуэдэ гугъуехьэр пСЭЭПЫПЫхьэпIорэ имыхуэми, къыщыхъу щыIакъым абы и щIыб къыщигъэза е си щхьэр нэхъыфIщ жиIэу къыщыдзыха.

Зауэ Iэнатlэм тынш щыIэкъым, ауэ снайперхэм яйр адрейхэм къащхьэщокI. Абы шыIэныгъэшхуэрэ Iэрыхуагъ инрэ хэлъын хуейщ. Апхуэдэхэр, дауи, куэд хъуркъым икIи ахэр зыриз-тIурытIурэ адэ-мыдэкIэ дзэм къыщыхахыпкI. ТегъэщIапIэ нэхъыщхьэ ящIырт, къыщыжьыщIауэ, и хьэл-щэныр, щIыхугъэр, зэфIэкIыр. А псом ищIыжькIэ снайперу къащтэнум езым и фIэфIыныгъэ абы хэлъын хуейт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдизу «кхъуэзанэм щIагъэкI» Iэнатlэм пэрыувэну щIэхъуэпсэхэр, ар зыхуэзэфIэкIынухэр мащIэт.

Зыхэхуа батальоным щыщу снайпер хъуну хуейуэ къахэкIар Жамборэ Щэуал и закъуэт. Абы щэрыуэу фоч игъауэрт, абы къыхэкIыуи зауэм щIимыдзэ щIыкIэ «Ворошилов фочгъауэ» щIэр къыфIащат. Къыдзэзауэхэм я гугъэт армэм ипэкIэ Щэуал щакIуэ Iэзэу щытауэ, зытригъапсэр хигъащIэ зэпыту къызэрекIуэкIым папщIэ.

Зауэ Бэракъ ПлIыжь орденыр абы къыхуагъэфэщауэ щытащ бий 25-рэ зэрыхигъэщIам папщIэ. Зэман дэкIри, апхуэдэ дыдэ орден етIуанэуи кратащ. Абы щыгъуэм Жамборэм фашист 75-рэ зэтриукIат.

Мыгувэу Щэуал и сурэтымрэ и лIыгъэм теухуа тхыгъэмрэ совет лъэхъэнэм нэхъ мыхьэнэшхэу дыдэ зиIэу щыта «Правда» газетым къытехуащ. Апхуэдэу къэралми щалъхуа щIынальэми щызэлъащIысащ снайпер Iэзэ адыгэ щIалэм и лIыхъужьыгъэм теухуа хъыбарыр. Абы иригушхуэр къызыхэкIа Жамборэхэ я закъуэкъым.

Щэуал зэрихьэ лIыгъэмрэ къигъэлъагъуэ хахуагъэмрэ ятеухуауэ 1943 гъэм Къэхъун пэкIушхуэ щекIуэкIащ. Абы хэтахэм я лъахэгъуэм хуагъэхьа письмом итт: «Иджыри къэс хуэдэу лIыгъэ пхэлъу адэкIи зауэ. Ущымысхь, ди Щэуал, нэмыцэ фашистхэм, букIахэм я бжьгъэм махуэ къэс хэгъахьэу! Ар пхуэтщI унафащ. Дэрэ укъыдогъэгугъэ, ди зауэлI хахуэ, Дзэ ПлIыжьымрэ совет щIыхубэмрэ я пащхьэм щыдиIэ кьалэнхэрщIигъуэуикIифIагъинИэудгъэзэщIэну». КъызыдэкIа жьлэм и унафэр и псэр пытыху Жамборэ Щэуал игъэзэщIащ.

... Хэку зауэшхуэр иухыным зы илъэс кьэнэжауэ, 1944 гъэм накъыгъэм и 8-м, Заполярьем щызауэ ди сэлэтхэм посылкэхэр яIэрыхьащ. А махуэм Щэуал и отделенэр и гъусэу и ныбжьэгъу икIи и лъахэгъу псыгуэнсудэс Мыз ТIутIэ зи унафащI взводым и хэщIапIэм щылэт. ЗауэлIхэр хуабжьу щигуфIыкIащ посылкэхэм Къэхъун икIаи зэрыхэтыр. Абы илъыр Iэфiу эздашхащ, щалъхуа адыгэ щIынальэр ягу къагъэкIыжащ. Зауэр ирихмэ ящIэну я мурадхэмкIэ эздэгуэщIащ.

Щэджагуэр нэужь хъуауэ Жамборэр и отделенэр игъусэу къежьэжыну зыщIэхъэзэрым ТIутIэ абы елъэIуащ:

- Щэуал, кхъыIэ, пшапэр зэхэуэхукIэ умыпIащIэ. Жэщ хъумэ, нэмыщхэм нэхъ укъамылъагъуу укIуэжыфынщ.

- Умыгузавэ, - жэуап кьитащ абы, - закъедгъэлъагъункъым. Пшапэр зэхэуэхукIэ иджыри фашист Iэджи хьэдрыхэ дгъэкIуэну кьытпоплъэ.

Мыз ТIутIэ щIэгъэавэм щхьэусыгъуэ иIэт. Жамборэр и гупыр дэщIыгъуэу здыкIуэцIрыкIыжьи хуей щIыпIэр нэмыцэхэм я Iэгум илъын хуэдэу нэщIт икIи зыри щызэрагъакIуэртэкъым.

Гу лъамытэу къэнакъым махуэ шэджагъуэм губгъуэм зэпрыкI совет сэлэтхэм икIи абыхэм кьахэуэу хуежьащ. Къэуа лагъымхэм ящыщ зым и кьутахуэм лъихъужьым и гур къигъэувыIащ. Абы щыгъуэм Щэуал и ныбжьыр илъэс 25-рэ хуэ къудейуэ арат икIи а зэманым ирихьэлIэу фашисти 125-м я псэр игъэнат.

Ныбжьэгъу пэжым и кIуэдыкIар гущIыхь я ящыхъуащ къыдзэзэуахэм. Абыхэм тхьэ яIуащ фашисти 100-кIэ яль ящIэжьыну. Щыхьэдагъэшхуэт Къэхъун иуважэмэ.

Лъэпкъмэ, жылэмэ, Хэкуми ящыгъупщакъым я щIыхьыр къэзыIэта, ар бий гущIэгъуншэм щызыхъуэма Жамборэ Щэуал. Абы и цIэр ноби Къэхъуни Нарткъали я уэрамхэм зэрахьэ, псэуэ зи лIыгъэм уэрэд хуауса лIыхъужьым и щапхъэм щIэблэщIэр щапIыкI.

ТАМБИЙ Линэ.

ТIЭШ Светланэ *(Адыгэ Республикэ, Майкъуапэ):*

- Адыгэ Республикэм коронавирусыр гъатхэпэм и 25-м япэу къыщагъуэтауэ щытащ. ИкIи ахэращ псом щызекIуэ жьпхъэхэр ди республикэми заншIэу щагъэсащ, АР-м и Iатащхьэм унафэ зэриIам тету. Иджы сымаджэхэм я бжьгъэр нэхъыбэ хъуху, жьпхъэхэри нэхъ ткIий ящI, коронавирус уз зэрыщIалэм нэхъри зимыуфэщIи папщIэ. ЯпэщIыкIэ, щэнхабзэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр ирамугъэкIуэкIыну ягъэпсащ, зыгъэпсэхуплIахэр, нэгу зегъэужьыплIэхэр, спорт Iуэхущ1апIэхэр зэхуащIащ. Иужькlэ республикэ кIуэцIым щызекIуэ автобусхэмрэ хэгъэгуэр зэпызыщIэ транспортымрэ я къагъэувыIащ. Иджыпсту автовокзали, автостанци, троллейбус Iуэхущ1апIэри лажьэркъым, апхуэдабзэщ щыгъын, хьэпшыпт щащэ тыкуэнхэмрэ бзэзэрэмрэ.

Мейкъуапэрэ Адыгейскрэ зэхэзекIуэр щагъэмэщIащ, хуитыныгъэ къуэзратам щыхьэт техъуэ тхылъкIэ фIэкIа къэбжьыхь хъунукъым. КьищынэмыщIауэ, Адыгейск дыхьэдэкI щымыIэу ягъэбыдащ. Абы дэт сымаджэщым коронавирусыр кьыщыхъейри, дохутыр зыкъом ищIэлащ, ахэр зыхуэза цIыху карантин ягъэжIауэри мащIэкъым. Иджыкlэ карантиныр къыщэпызыудэм тезыр тралъхьэ, ар Iэмалыфlщ, сыту жыпIэмэ, пIалъэкIэ хуагъэува апхуэдэ хабзэм ебакъуэ щыIэщ. НэгъуэщIу жьпIэмэ, коронавирусыр зи фIэщ мыхъухэр, апхуэдэ уз щымыIэу зыкъэльытэхэр диIэщ. Уеблэмэ, уз бзаджэм илыкIа цIыху дызэрIэм зыми хуигъэлыщкIыр ди лъахэгъуэм ящыщкъэ.

Дэ, журналистхэр, мы махуэхэм егъэзауэ долажьэ, Iэщ1агъэлIхэм, дохутырхэм интервью кьаIыдох, шынагъуэм зиубгъункIэ зэрыхъунум цIыхубэр щыдогъэгъуазэ, къэхъуькъащIэр занщIэу телевизореплъхэм я пащхьэ идолъхьэ. Инфекцэ сымаджэщыр нобэ госпиталь ящIащ. COVID-19-р къызэуэлIахэр аращ з

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 46-хэм итщ).

- Сыту фІыт ари, - жиІэу Къашыргъэ зигъэзэжьынрэ пэт, Къэбард щэху цІыкІуу зэрыпыдыхьэшхыкІам ГъэкІэм гу лъетэри, зыхуретІэ:

- КӀуэд хъыбГуроІуэ уэ! Уэ сыт... ущІалэщ иджыри... Сэращи - мыбыхэм я шхупс-лэпсым си дэжь лъэпкъ тельхъым: сымыщІэххэу срихужьэнщи...

Къашыргъэ эр здыжиІэм, КІэмыргуей гъэрыр къыщетхъри, и дихьэшх макъыр ІэгукІэ екъуэшж. Къэбардщи, мыдыхьэшхын папщІэ, ерагъкІэ зишыІэуэрэ, кьепсэль:

- ЛІыгъур, нэмысиншафэ къызымыплъ, кхъыІэ, ауэ мы ди бысымхэм щыуагъэ яІэщІощІэ.

- Сыт уигу иэхъ иримыхьыр? ЖьІэт.

- Дипхэу зи хъангущаем хьэщІэщ зэпэщыхьхуитІ хуэзфІэмыкІыну араттІэ, щІалэгъуалэр лъэныкъуэгъэзэу щытын папщІэ?

- УвыІэт иджы! Жьы къыфцІэпщэркъым, псы къыфцІэуэркъым. Сыт нэгъуэщІ фызыхуейуэр? фигу темыхуэр? Абы нэхърэ нэхъыфІщ, дыкъыщІежьажьам дригъэхъІуэну. Апхуэдизкъым фІэтэлъІи. Нэхупльэфі фыкъыжьІ.

- «Мы къыштекІуэкІа тельыдджэр-щэ?»- зэрегъэзахуэ ЛІыгъур. Зыхьанэр еша щхьэкІэ, гупсысэм къиутІыпщыр тэкъыми, жеиІэм иригъэззэгъэкъым. ЩІалэхэр Іурихьжакіэт. ЛІыгъур здэмыжейм, зэпшамэчэт: «ХьэтІохъущокъуэпщыр щыгъуазэу пІэрэт-тІэ хъангущэр къалмыкъым зэрыщымыпсэужьм? ЩыгъуазэУ щыгтатэмэ, къыджиІэнтэкъэ? ЖиІэнут, дуаи... Аюк хъаныи дыщепсальэкІэ, ди шыпхъуи и цІэ къыхэдгъэщынщ, ауэ ар иджыпсту здэщыІэмкІэ деупщынкъым. Хьэдагъэ кІуэн, фыз зыбжанэ зиІэм щыщІэкІуэкІэ, нэхъеижи къыпщыщІыныр зыми хэІуахьэкъым. - Арыхьхуи ЛІыгъур игу къэкІыкырт Къэсей хьэжьм КъурІэным фызиплІ къабыл ищІу зэрыжьиІари, игъэщІагъэуэрт: дауэ а плІым уапэлъэщынт, зыр ерагъщ арэзы зэрыпхъуэщІыр? Ярэби, пщэдейм сытхэр къыштипгъапІэуэ пІэрэ?..»

Пщэдджыжьышхэ нэужьым къэбардей лІыкІуэхэм дежь къыщІыхьащ Іэщэхэр зыкІэрыльэ къалмыкъ ЛІитІ.

Языхэзым - зи нэхэр тыкъыирфІу къыпІиикІ лІы нэкІущхьэпльым - КІэмыргуей зыкъхъуиГаазэри:

- Къалмыкъ щІыналъэм дыгъэр къыщыпІэльагэм ирихьэлІэу хъан щэджащэм и шэтырым фрегъэблагъэ.

Къалмыкъэхэр щІокІыжри, Быжьым и гъусэхэм захуеГаазэ:

- Иджыри зэман диІэщ ди щхьэ дыкІэлъпльмыжьыну.

ІэгушхуитІымкІэ и пыІэ хъурыфэм тельэщІыхьэрэ, Къашыргъэ игу щІэнкІуэхэм щІоупщІэ:

- Ярэби, дишхэм, псы нэхъ мыхъуми, зыгуэр яІухуаеу пІэрэ?

- Дауи, псы ирагъэфаргъэнщ, - игурэ и щхьэрэ зэтемыльыщІу кьрегъажьэ Дэмдеи, къызыфІимыгъэІуэкуг: - Дэ иджыри щІыпІыкІым дыхэтт дишхэр зыхуей щыхуагъэзам.

- Шыхэмрэ фэрэ фхьхэзэшу щытмэ, сэри сыхьэзэпрыпсщ, - жеІэри Къашыргъэ и псалъэр пегъэщхъ.

- Аюк хъан* и шэтырыпхуэр тпэжьжьэкъым, - псоми захуиГаазэу къопсалъэ Даур-КІэмыргуей.

- Пъэсу дыкІуэнщи аращ, - погуфІыкІ Дэмдей, зыри пхэнжу кьримыкъу.

- Хьэуэ, - идэркъым ар Быжьым, - Хъаныи и шэтыр бжэІупэм ди уанэгу тІыгъпжьу дыІухьэнущ.

ЩІыжаІам ирихьэІэу, къэбардей щухэр хъаныи и куэбжэдыхьэ тхыпхъэщІыпхъэм, фэ пщыІэ екІуШхуэр къэзыщІыхьэпрыпІым, екІуэлІаехщ. ХъумакІуэ зэщІуэхэдзэр кьапежьэри, щухэр хабзэм тету ирагъэпсыхащ. Сэшхуэ-къамэ-дохъутейуэкмкІэ зэщІэхуэпхуэ адзакІэ щІыкІыжьа кьэрагъуи сатырхэм къэбэрдейкэр бжьыфІэу блашри, хъан шэтырым щІашащ. Гупым я пэрыту кІуэцІрыкІ къалмыкъым макъ щІу льагъэ зІуІущ, ІукІуэтыжри, хьэщІэхэм утыкур хуит яхуищІыпащ.

Къэбардей лІыкІуэхэм я гупэ кьита къалмыкъ зауэлІилпІмк, лъахъшэу загъэщхъыуэрэ, щІыбкІэ икІуэтыжри, бжэ щІыхьэпІэм пэзанщІэу лъэныкъуитІкІэ щиувыкІыуэрэ хьэщІэхэр благъэкІащ.

Аюк хъаныр щхьэнтэ хэдыкІа зэмыфэгъухэмкІэ кьэгъэтІылъхьаеуэ, алэрыбгъу дахэшхуэм лъахъшэу къытест. Бзаір лІы нэкІу тэбакъ тхъуэплъышхуэт, щэлыр и пкъымебэкІыу, лІы тІыгур пщае кІэщІт.

И лъэпкъ фащэрэ гъэщІэрэщІэпауэ хъаныи и фэ итыжькт.

ЛІыкІуэхэр нэхъыбэ-нэхъыщІэу еуэвэкІыу, мащІэу жьэпкъыпэ-щхьэгъэщхъ ящІа нэужь, Быж ЛІыгъур:

- Ди кьихьэр пхуэфІн ухъу, хъанышхуэ! Уи щхьэкІэ, уи къэралыгъэкІэ Тхъэм уиуэзщІыну; уи мурадыр лъэщрэ уи бийр хэщІэу; уи Іуэхуфі щІэнынэрэ уи акъылыр жану; уи гъащІэр кІыхьрэ уи жьыгъэр Іумахуэу, Къалмыкъым ущхьэщІытыну! Къэбэрдейм и пщы уэлий ХьэтІохъущокъуэм дыкъуегъэлІыкІуэ. Пщы уэлийм и фІэхъусэр удохьжри, ди благъагъэр быдэныи дыхуэхъухьуэу, пІэщІыдолъхъэ мы дыжьын бгырыпхэр, адыгэ къамэр, гуэбэшы сэшхуэр.

- ФіыщІэ фхуэщоІ! Буддэ пэжьм и гупсысэ мамырэжьм нэхъри зреуэзщІ. Фыкъеблагъэ! Си жьэгур - фи жьэгуращ. Ди благъагъэр кІыхь ухъу, ди лъэпкъитІым я зэгурыІуэр нэхъри иребыдэ. Къэбардейм и пщы уэлий ХьэтІохъущокъуэм си фІэхъусэр екІуу хуэфхьыж. Сыщыгъуазэщ, Бекович-Черкасскэм къызжиІаеуэ сыщыгъуазэщ Кърымымрэ Къэбэрдеймрэ фяку дэлъ гугъуехьым. Ауэ сэ сыт Іэмал абы схуэзлъхьэнур? Симызакъуэу, езы Урысейми" Сэ Урысейм сридзейщ. Пащтыхь Пётр ЕзанэмрэАхьмэд Ещанэ сультІаныимрэ я зэгурыІуэныгъэкІэ, абы кьикІраци - сыбгъэ дамэнщэщ, а Іуэхум екьэлІауэ, Іэмал фхузиІэкъым.

Быж ЛІыгъур и гъусэхэм яхуеплъэкІщ, Быж Къашырэм еплъыжри:

- КьиізэрыдгурыІуащи, хъан, - зэпеш ЛІыгъур, - дыкъыізтекІухьа упщІэми укъытхуідмыдзэІу щІыкІэ, уи жэуап уи хьэзыру къытІэрыбГъэхьащ...

- Апхуэдэу-тІэ кьиізэрыбгурыІуар?.. - хъаныи хьилэ хэлъу и нэ лъэныкъуэр щІеукъуанцІэри, бзаджафэу пыгуфІыкІыжурэ: - Аращ, си благъэ лъапІэхэ, аращ - сэ фІыуэ хьізощыкІ а фізыІут Іэнатіэм... Мы ди дунейм бзыщІауэ щэху гуэр тетыж-тІэ иджы?!

- ЗэрыжьпІэмкІэ, хъан, зы щэху бзыщІа здэщыМыІэж мы дунейм зы хабзи екІуу щІызэрамыхьэжу - щхьэж и щхьэ зэрыхьщ? Ара? - упщІэ ныкъуэм жьэнахуэу поупщІэж ЛІыгъур.

Къэбэрдей лІыкІуэм Іэдэбу зэкІэлъэхьа гупсысэ зэпэщыр Аюк хъаныи и гущхьэ псантхуэм пэж хьэджасэу хэтІысхьат. Къалмыкъыпщым и кІэ ІкІуэр ІэпхъІуэ нэхъри кьызэщІэщІыпІъа щхьэкІэ, зишыІэфри зиубыдыжагъэнщ. Дауи ирехъуи, гуфІэнэпщІ и дзэльафэ тришри:

- Хьэуэ, хьэуэ, си благъэхэ, уи щхьэзакъэр уи щхьэрыхьу ущыпсэуфрэ мыбы? Уагъэпсэункъым, апхуэдизкъым. Хьаным лей гуэр къыжьдэщІэфтауэ щэч зыхуищІыжри, мащІэу зэІынат, ауэ зэуэзэпсэу Іэмал хуеКІуэжри, имыкурэ имыбгыу:

- Мо уи гъусэ щІалитІыр сыт щІэмытІысыр? - жи.

Тэрмэшыр Даур-КІэмыргуейти, зыпи и жэуапи пэмыплъэу, хъаным зыхуиГаазэри:

- Дэ, хъан, нэхъыжь здэщысым дыщыбГъэдэтІысхьэркъым. Ар хабзэкъым.

- Уэ езыр сыткІэ уагухьэрэ мы си благъэхэм?.. - погуфІыкІ Аюк хъаныр: - Нетіэ, фыкъыщІыхьэн ипэкІэ уэ уи Іуэбаери къыхсуаІуэтат сэ... Уи лІакъуэгъу щыбГуэтъжьфакІэ, ноба щыщІэдзауэ уэри ущхьэхуиту бжьы. УзыхуэпщылІахэм Іуэхум щыгъуазэ сащІын хунэсахэщ.

- ФІыщІэ пхуэфащэщ, хъан! - гуфІэри, зыжьэу къэпсэльащ Къашыргъэрэ Дэмдейрэ.

- ФІыщІи хэлъкъым абы, дыщыізэблагъэр апхуэдэ гуэрщ. Мес, хъэлэмэту ди бзэри зригъэщІащ ещхь. - Аюк хъаныи и псалъэхэм кьаІуатэм нэхърэ ябзыщІыжьыр куэдкІэ нэхъыбэт.

КъыфІэмыІэхуххэм къэбэрдейхэм я пащхьэ иджы гукъеуэфэ ирищІэкІыжурэ хъаным:

- ИщІатэми, бетэмал, фи шыпхъу Абай-хъанГагуэм мыбы фыщэрыщыхьэщІэр! ЛІъапІэ защІэурэ хъум пшахьэущІыр кьызэпичынти, зэ зэкъуэ кьыфІуплъэн къудей папщІэ...

- Фльагъуну езым фыхуейІмэ, фезгъэшэнт хъанГущаІэр а здэщыІэм... Мазхуищ-жэщищ гъуэгуанэр кьыфтемыкьызэнымэ, жьхуэсІэщ?

- Ди шыпхъуи и напэлъагъури, шэчынтэу, тфІэфІт, - нэщхъейуэ къопсалъэ ЛІыгъур, - арщхьэкІэ сыт ди Іэмал? Дэри гъуэгуанэ къытполІъа.

- Сызималъхъэ адыгэхэм зэрыжаІэщи: «Хьэщ1эм и Іуэхур - и къэкІуэгъуэрщ. Ежьэжьагъуэр бысымым и Іуэхущ». Арат хьэ жьафІэр? - хъаныр аргуэру хьилагъэ хэлъу щІэгуфІыкІыурэ Быжьым йоплъ.

- Аращ, хъаныншхуэ. Пэжщ. Адыгэхэм яйщ а псэльафэр. Дэращи - гъуэгуанэ жьжьэ къытпэщылъщ.

- Фэ фыплыкІуэщ. ИтІани, си щхьэкІэ хъасщтэмэ, иджьипсту фызихьэщІэ ЛъапІэу арщи, ерыскъы Іэнэр кьытпоплъэ. ЩІаджагъуашхэ зэдэтэщІыщ, дыкъуэзыщІ.

Аюк хъаныр, къэбэрдей лІыкІуэхэр щІыгъуу, щэтырыпшхуэм кьыщІокІри, Іэнэ зэтетым иригъэблагъэн ипэ кьиххуэу, ГьэнэгъУ Іуащхьэм и ищхьэрэ сэнтхэмкІэ и щхьэр ещІ:

- Мо махъшипщІым хьэлъэу ятелъыр Къэбэрдейм и пщы уэлий ХьэтІохъущокъуэм сэ кьызбГэдэкІыу хуэзутІыпщ. ШІуудзэкІэ зыри хуэсщІэфынукъым. Іэщэращи, мес: шабэжьу, шабэхэшэ, бжьыІ, сэшхуэ, джатэхэр. А тыгъэр зигу темыхуэнухэр ящІэнумкІэ езыхэр хуитыжщ. Апхуэдэхэм жаІэнум си пыІэр хуэгъэтІысагъэжьщ.

Х

КъАЛМЫКЪ хъаным ХьэтІохъущокъуэм хуищІа лІыкІуэхэр иджыри кьэту, Ащабэ Миншакъэрэ Джэрыджэ Мэремрэ Кърым гъэгуанэ техьат. Кургъуокъуэ а тІум я пщэ ирилъхьат, КІэмыргуейм ихьэмэ, Бэлэтокъуэпщым дже еблагъэу, абы и муради зыщагъэгъэзэну. Кургъуокъуэ зэхичгъэкІыну хуейт: кІэмыргуеипщэр кърымхэм я ныбжьэгъуу зэрыжаІэм пэж гуэр хэлъ? Арауэ щытмэ, Бэлэтокъуэр кърымыдзэм гухьэу, къэбэрдеилъ игъэжэну и мурад?

Адыгэ-шэрджэсхэм сыт щыгъуи къадзэгъэуэгурыкІуэ зэхуищІэуэ мызыгъэгъкІэ зыри зэрымыгугъа гуауэ-щхуэ дамэу зыкъызэкъуихыным шэч хэлътэкъым. Уэр-уэру ущызэІунщІыжыр - зыщ, хамэм ухуэбэжьэндуэр, уи лъэпкъэгъуэр щызэтебукІэжьр - ар нэгъэщІщ. Къэбэрдейм и лъэужьыр пщэдей яхунущ Бесльэнейм, КІэмыргуейм, Абазэхэм, пщэдеймыщкІэ къащІыхьэнущ Бжьэдыгъум, Шапсыгъым, Жанейм. Апхуэдэхэуэрэ Тырку-Кърымым эІуригъэзэпэнщ адыгэ лІакъуэхэр.

Къашыргъэнэ жанхэр нэпсейуэ зэрыщІакІуэм ещхьщ иужьрей тхъэмахуэ зыбжанэхэм ХьэтІохъущокъуэпщым и зэхэзекІуэр. Пщы уэлийм, жэщ-махуэ имыІэу, къэбэрдеищІыр кьызэхекІухь: зэрегъапщэ мэзхэр, зэпегъакІуэ псыхъэхэр, зэпелъэт бгыпъэхэр, зэхуоплъ жьэгъуэхэм - дэтхэнэ щІыпІэм деж бийм щыІущІэнуми зэрегъэзахуэ. Кургъуокъуэ ткІийуэ зыхуигъэзувыжащ: Іуэхур и кэн нэмысауэ, и мурадыр утыку ирихьэнкъым. НэгъэщІу хуэныкъым - ХьэтІохъущокъуэм фІыуэ ецІыхужи и лъэпкъэгъу жьлэлІхэр. Зым - ипщэкІэ щыжиІэм, адрейр ищхьэрэкІэ здэзпльауэу зыізэпэщІасэнущи, а тІум я зэпэкІеи пэжьым и макъ Іуцыр щІиублэрэкІэжьнуц. Адыгэхэр езыхэр егъэлеиуэ макъыбГэ кІий-гуощ, ЗэкІэ, зызытригъэщІэн гупсысэгъу пэж имыІэху, пщым езым и щхьэ нэхъ чэнджэщэгъуфІи гъуэтыгъуейщ. Щхьэзакъуэ гупсысэ - аращ пщы уэлийр иджыпсту зыщыгугъыр.

Ашабэ Миншакъэрэ Джэрыджэ Мэремрэ я ежьэр гъатхэ псы къиугъуэм хиубыдат. ЩІэх-щІэхьэрэ иджы къощх уэшхээри. КІэмыргуейм щухэр щынэблагъэм ирихьэлІэу, уафэм зызэлъэщІыхьэри щІыпІэри къэбэдзэуэжат. Махуэ уэфІым къыдызэщІэбэхъа щІым иджы бахъэ гъуэзыр къыщхьэщІ. Псэ зыІутым зыкъиужьыжащи - мэву, мэщхъыщхъ, мэушэ. Гъатхэщ!

Дыгъэм къухьэну зыкъигъэлъэхъшакІэт, къэбэрдей шууитІыр Бэлэтокъуэпщым и шыфІдзаліэм щынэсам. ЛІитІыр епсыхри, КІэмыргуеипщым и хьэщІэщ хуитышуэм щІыхьэщ, ПщІантІэдзтхэми, зыхуей хуагъэззну, хьэщІэхэм яшхэр Іуашащ.

Гъэгу тетахэм зрагъэтхьэщІри, куэд дэмыкІыу, хьэщІэщым къыщІыхьащ Бэлэтокъуэпщыр. Ар езыр лІы щхьэпэльагъэ лъагъуГъуафІэт, гугъ псыгъуэ пІлаГьуэт. ЩІэмыргуеипщыр къэбэрдейхэм Гуапэ дыдэу ЫуІащІащ. ЗыкІи хуэбгъэфэщэнтэкъым мы лІыкІуэхэм защІыщидзэм гуэр пщым бзыщІауэ къуэпльу, хьэмэрэ кърымхэр зэрригъэныбжьэгъум иджыпсту ар ирипІейтейуэ. Болэт къыщыщІыхьэм, хьэщІитІри къэтэджащ. Пщыр нэфІэгуфІэу лІыхэм къаІуплъэри, гуфІэжу:

- Фыкъеблагъэ! - жиІащ.

- Благъэм я нэхъыфІыр Тхъэм кьыуити, ди хьэщІэ ихьэгъуэри пхуэфІын ухъу, - гуапэу жэуап иретыж Миншакъ.

- КІэмыргуейм ищІ дрикІуэрэ пэт, апхуэдизрэ си фІыщІэ зэхэтхам и жьлэ дыблэкІыфакъым. Мы си гъусэ щІалэр Джэрыджэхэ ящыщщ, и цІэр Мэремщ. Сэ Ашабэхэ сакъыхэкІащ, кьыззрыззджэр - Миншакъщ.

- Уа, уэра Ашабэхэ а Миншакъ цІэрыІуэр!? - жиІэри хьэзбэрдейхэм ещхь дыдэу хэкІиикІащ Бэлэтокъуэпщыр. - Уи цІэр, Ашабэ, адыгэ щыкъналъэмэ яфІэкІри, зэІэпахьыуэ Кърымым нэсащ, - уэрэкъым щытхъуэрэ, пщыр набдзэгубдзапльэу абы и гъусэм Іуплъэри, щІигуужащ: - Джэрыджэ ззшэхэри хуабжьу цІэрыІуэщ.

Мэрем, нэкІэ Миншакъ йоупщІри, пщым жэуап ирет:

- Си шынэхьыжь Таукъан елъытауэ, цІэрыІуэ сыщІэхъун гуэр сэ иджыри зІэжьакІэтэкъым, мыдэ пщІэшхуэ зиІэ Миншакъ, шугъуэсу сыкъызэрыхихар хьумыбжэмэ...

Мэрем жиІэм и щхьэр дищІуэри, Ашабэм Бэлэтокъуэм зыхуеГаазэ:

- Къэбэрдей адыгэ псэпъэкІэр зэрыпщІымыгъупщар сэри Гуапэ сщыхъуащ, зиусхэн.

- Мыбдеж сыщІепсэу щхьэкІэ, сыкъызыхэкІахэм ялъщ гу лъынтхуэкІэ схьыр.

Нэхъыжьхэр етІысэхащ, Мэремиі бжэкъуагъым нэхъ пэгъунэгъуу уваш.

- Уцыпсэу, къэтІысыт, - Бэлэтокъуэм бысым гуапагъэрэ гъэгушхуэрэ хэлъу Мэрем дежкІэ зыщигъаззэм, модрейм:

- Нэхъыжьмы и пащхьэ...

- Си шынэхъыщІэ, - попсалъэ абы пщыр, - адыгэм зэрыжиІэу, узыгъэтІысу уиубыжыркъым. ТІыс. Алыхьым и фІыщІэкІэ, Миншакъ, сыт щІэуэ къыщІыхьэ фыкьызидикІ фи лъэныжьым?

Къэбэрдейр мамырым хэсщ бжесІэмэ, сыпщыупсщ. Кьуийм и щІыпІу гуэрэфу, ущыгъуэзэу кьыщІэкІынщ, иджыпсту ди Іуэху зыІутым...

- Дэнэт иджыпсту а мамырыгъэр здэщыІэр? ПІейтейщ сыт щыгъуи адыгэ дунейр. ЗэлІакъуэгъуэхэм пщыгъуэр яхуэзэрыгъэгушхьэм. Абы кьишэр е зэбйщ, е зэбэнщ.

- Сэри сыакъылэгъущ а ныбжьэкІэ. А псом иджы кърым хъаныгъуэри къахьхьэжауэ...

Бэлэтокъуэпщыр фІыуэ щыгъуаззт нэгъабэ Менлы-Джэрий Къэбэрдейм къыщыщІащІахэми, Ашабэм и фызым кърым мырзэр Іэщідджафэу зэрещэкІуами. Аэр гукІэ зэригъэззахуэуэрэ, Болэт мащІэу пыгуфІыкІри:

- Кърымым и закъуэ-тІэ дэ псэупІэ кьыддэзымытыр? Урысеймрэ Тыркымрэ я щыпэщхьэм дыкъыщэта фэщІыжурэ, кІуэ пэтмэ, хьийм йокІ... Фэ ахэр кьыжьхэхэуэу къыщІэкІынкъым, дэ дэщхьу. А кърым тэтэрхэм яхэмызагъэу къызыхахуэ гуп цІыкІым сыт иджыпсту я хьыбар? А зызэрагъэпщкІу? Къивмыгъэхьэххамэ нэхъыфІт ара?

- Уэ зи гугъу пщІыр? ... Модэ... ХьэуэІ. Бахъэсэн псыхъуэ кьыдагъэхьакъым ахэр. Езыхэри, пльагъуркъэ, хьэкъуей зыбжанэ хъууэ аращ. Хьэмшэрий тэтэрхэщ. Бгы жьэгъуэхэм щІэтІысхьэну хэта щхьэкІэ, лъейуэ Іуагъэщтащ. Мо зи гугъу пщІа яхэралхэри, Чынгызыжьым и лІэужь нэгъуэйсэри а сэ жьыхэсІэ хьэмшэрийхэри - псори зэщІэр адыгэщІщ.

Мэрем щыму нэхъыжьитІым я уэрщэрым щІэдэІуурэ, Миншакъ зэуэ нэкІэ зыкъырагъащІэри:

- Хьэкъуэвгъэгъу, Миншакъ, ауэ, а тэтэр хьэкъуеиущ иджыпсту зи гугъу пщІам, дызэпльэкІыну дыхунэмыс щыкІэ, нэгъуэщІ хьэкъуеиущ къащІэхъуэнущ. Нобэ ещхьу ди бгъуэнщІагъэхэм иджыри куэдрэ зыщаІэжьэн фимыгугъэ, я Тегри-тхъэм щхьэщэ хуэгъэтІылъу... ПІалъэ кьыхэдмыгъэкІыу а унагъуэ зытхухьэ кьызидикІам дымыкъужмэ, кьапльи-къэдаІуэ, зызэман, щы хуэныкъуэу, зауэу кьыдэувэнущ ахэри!

- Мэрем, лъэпкъыщІэ кьудей тэмэму яІэкъым а зи гугъу пщІыхэм. «БлэкІрэ пэт, зыгуэр тІысащ» - жыпІэу, дэтхэнэ хьэмшэрийм уригузэвэн. Тедэщ хэхсхэр сыт щыгъуи щІалэ. А зыхэс лъэпкъхэм кьакІэрыхуам дапщэщи хэшхыкІащ. Ар хабзэщ.

- Кърым тэтэрщ жьІи нэхъ тэмэмщ. Абыхэм зэрахьэр зы хабзэщ: хамэм ейр е кьыІэщІэтхъыи, е кьыІэщІэгъэкІуэсыкІыи.

- Мусльымэн я зи гугъу фщІыхэр? - щІоупщІэ Бэлэтокъуэр.

- НтІэ, зиусхэм, тэтэрщи - мусльымэнщ, ауэ исльамыр зыкІи зэран кьахуэхъуурэ,ТыІ... А зэман Іэржэкіэ кьыздаущыхьа щІыпІэхэм кьащыкІэрыпщІа динхэри зэрахьэну хэтщ, - жеІэ Миншакъ, псальэмакъыр зыхуэкІуам хигъэщипсысыхьу.

- Дэри ди Іэхъу нэхъ пщІэгъуалэкъым, - зэгуэп-бамплэ и макъым кьыщІэщу къопсалъэ Болэт, - жанеипщ, къэбэрдеипщ гуэрхэр чристан диным ихьами, дэ дызэрымусльымэнщ, - жери игукІэ: «Дэтхэнэ динри ди хьэрэмтэкъым, фІы гуэр кьытхудэкІуэну тщІатэмэ...».

ЛІыхэр мыпІащІэу уэрщэрырт. Унагъуэм исхэр, хабзэм тету, хьэщІэщым кьыщІыхьэурэ хьэщІэхэм фІэхъус ирахьирт. Ауэрэ ерыскъы Іэнэри кьахьащ: лыгъур, мырамысэ, кхъуей, шху, кхъужьыпс. Мы Іэнэр хъунщІэпсынщІэету зэрауэуар, нэгъуэщІ гуэр кьызэрыкІэпльахьынур ящІэрти, хьэщІэхэр хуэмурэ шхыным хэлъэорт.

Бэлэтокъуэпщым мыбы ипэ кьиххуэу щэджагъуашхэ ищІа пэтми, хабзэм зыдигъэшу, хьэщІэдэшхэт.

- Дызэхэусми, дытепсэльыхьми, дызэкІэлъызэкІуэми, сыт хуэдэ Іэмалкіэ зедмыгъэлалІэми - сэ ІукІуэгъуэ адыгэхэм ди гупсысэкІэр, Миншакъ, - нэщхъейуэ къопсалъэ Бэлэтокъуэр.

- Сытым теухуауэ а жьыхэпІэр, зиусхэн? - Миншакъ и щхьэ дахэшхэр кьеІэтри, и нэхэв Іущхэр пщым треубыдэ.

- ЖьыхэсІэр - дэри дагъэгуауэщхьэуэ, кьапщтэмэ, абаззхэхэм.

- Абаззхэхэр мыадыгэу ара? Адыгэ гупсысэр сыткІэ абыхэм ягу дэмыльэрэ? - егъэщІагъуэ Миншакъ.

- Ауэ сытми адыгэ! Ерыщу адыгэщ абаззхэхэр. Бгъысыр дэнэ щыналъэ щымыпсэуами, бгырысу кьонэж. Абаззхэхэми, бжьэдыгуэхэмрэ шапсыгъэмрэ ещхьыркъабзэу, ислъам дищІя я жагъуэщ. Гугъу задэзгъэхьу яхьдопщэ абыхэм ислъамыр. «Бльщхьэм аэнкр бгъэдэжэнщи, мэрем пщІондэ уэзыпагъэпльэжынщ нэмэзыщІ кІымыкІуэрэ» - жьхуаІэр абыхэм хуэдэхэщ.

- Къэбэрдеймм щызэкІуэ а псэльафэр, - мэщатэ нэщхъейуэ Ашабэр. - Дагъэр дэнэ щымыІами, адыгэщ.

- ХьэтІохъущокъуэ пщы уэлийм ар дауэ яхуидзэр?

Миншакъ и дихьэшхын ирикъухьурэ, Мэрем хуоплъэкІри:

- Пщы уэлийм деж а кьалэныр нэзымыгъэз гуэр кьытхэтщ дэ, Къэсей хьэжы-ефэндырщ зи гугъу сщІыр...

Миншакъ къуиГъэжьар нимыгъэсу аэзн джэ макъыр кьыщыІум, хьэщІэщым щІэсхэр зэуэ зэплъыжащ.

- Зи цІэ ираІуэ бжэщхьэІу тетщ, жьыуаІэркъэ-тІэ ар! Андез къэдмыщтэщыкІэ, ди ефэндыр мыбдеж къэсауэ фльагъунщ. Ар мэжджытым щыкІуэм деж, мыбыкІэ блокІ, - Бэлэтокъуэпщым жиІэрэ пэт, бжэр кьыІуихащ ефэнды нэкІущхьэплъым. Абы кІэщІэкІэрахьэу и ужь кьитт сохъэтэ пІэсхьэщІэ щІыкІури.

- Сэламу ахьэлейкум, дуней иныр къэзыгъэщІа Алыхьышхуэм и Іумэту, адыгэ мусльымэнхэ! Ахъшэмыр къэсипащ. Фэ иджыри фыщыси? - къыпэтэджа хьэщІэхэм сэлам яримых щыкІэ, пІащІэу къоушыдыкІ ефэндыр. - Алыхьышхуэм хущІигъэхьэри, кІэмыргуеипщ Бэлэтокъуэм мэжджыт ихуащ, и мылъку хьэлэл хилтьэу. Мусльымэнхэм я уна пажащ ари - фынытхуеблагъэ, дыкъыщыфпоплъэ. - Бжэм нэсауэ ефэндым зыкъышІэжри: - Батырщ си цІэр. Къэбэрдей адыгэхэм фи бахъсэн ефэндыр - Къэсей хьэжьр дауэрэ псэурэ? Тэмэм и Іуэхуэхэр? Нэгъабэ дызэгъусэу Чэбэм хьэж щызэдэтщІат, - жиІэурэ зэупщІахэм я жэуапи пэмыплъэу, ефэндыр а зэрыпІащІэу щІокІыж. Сохъуэтэ лъэкъыщ щІыкІри, джарэзэрэ, Батыр-хьэжьм и ужь йоувэ. Мэрем хьэщІэщым щІэкІыжьахэм якІэпльплъри, и гур хэпщІыкІыу псэухужауэ:

- А сэ сльэгъуам, мы дунеишхуэм нэгъэщІ дину тетыр ящІгъэгъупщэурэ, псори Алыхьым и пащхьэ иришэн хуэзфІэкІынут.

- Мэрем! - пхъашэу щІалэм попсалъэ Миншакъ.

- ПщІы хэлъхьэм ди щІалэ хьэщІэм а жиІэм, - Бэлэтокъуэр Мэрем кьыдощІ, - дэри ардыдэщ ди гугъэр. Батыр а езыр зыхуейр псоми яригъэщІэну хэтщ, икІи ар хьэлэмэтэу къохъулІэ...

- А жьыхэпІэм елъытауэ, зиусхэн, ди Къэсей ефэндыр пщІэшхуэ щІату кьащэхуэм хуэдэщ. КІуэ, тІэкІу зэрыпсалъалъэр дагъэу хуумышІынумэ.

- НтІэ, а фи Къэсей хьэжьм и хъыбари мымащІэу зэхэтхащ. Ауэ мы дыдэйм, диныи хущІыкІышхуэрэ хищІыкІышхуэрэ щымыІэрэ пэт, ефэндыщІэр ухабжьу и напщІэм телъщ. ЗэрыпІащэмрэ зэрыжьакІуэмрэ фІыуэ кьохъуосэфэзм, цІыкуэрэ мусльымэнгъэм гъэщІэгъуэну дрегъэхьэх.

- Апхуэди щыІэщ-тІэ... - акъылэгу мэхъу Миншакъ. - ЖьакІуэхэм яужьыгур ди тхьэкІумэхэм я закъуэкъым. Ди акъыл гупсысэри адэмыгу ящІурэ, езыхэм дызыдгъэзэжьуну зэхуэмыдэ.

Мусльымэн курыхьуу дыщымытми, дыхьэщІэщи, ефэндым и жьІэр тІыпІэтщІ иджы.

«КІэмыргуеипщ цІэрыІуэмрэ Батыр ефэнды пыпхафэмрэ яку ильыр нэхъыбэщ я жьэкІэ къызыпхадзым нэхърэ... - зэрегъэзэхуэ Ашабэм.

Бэлэтокъуэм и лъапсэм пэжыжьэтэкъым кІэмыргуейхэм ябгъэныщхьэ мэжджытыр. ИжьырабГыр - лъагэу зызыІэт азэн джалІэр. Мэжджытри азэн джалІэри чийбжьыкІэ къэхухьащ. Бжьыкьым аджжкІэ кьыщІтщ щыфІэдзапІэ. ПщІантІэр андезщтапІэщ.

Миншакъ, пщІантІэр зэрыщІыхунщэм игъэпІейтейуэ:

- ДакъыкІэрыхуэ хуэдщ... Пщым пэмыплъэу нэмэзым щІадзэрэ-тІэ?

- Нэмэзым щІыхуэрэ зэхидзыркъым пщырэ, узэркърэ, лъхуэкъуэлІу. ЗэкІэ теувэхэу арат, дакъыкІэрыхуакъым, - жеІэ Бэлэтокъуэм.

Ефэндым, лІищыр къыщилъагъум, унафэ хэлъу:

- ТІэкІу фыкъыкІэрыхуами, зиусхэн, си ужьыр фІыгъыу япэ сатыру фыкъуэр. Нобэ мэремкъым. Уаз стынукъым. Иджыпсту зи пащхьэ дит Алыхьым солъэІу ди нэмэз уахэтыр къабылу тІихыну. «Іэмин!» - жьІэ.

Миншакъ игъэщІагъуэу яхэплъэрт мэжджытым къеІуІэкІуэхэм: я зэхуэдитІыр - хэт нэгъуейт, хэти тэтэрт. Іэчлъэн хъужаеху, псори лІы игъэт, зауэлІ тепльэхэт. КІэмыргуеипщым и хьэщІэщым зэрыщІыхьэрэ Ашабэм зэхихахэри илъэгъуаэхэри зэхуигъэкІуэжырти, иджы гурыщхъуэ гуэрхэм лІыр кьыхагъащІэу къауфэрэзэыхт. Миншакъ къыгурыІуэрт: мэжджытыр лъэпкъ зэхэгъэж здамыщІ лъэпІаніэщ. Мусльымэну щыІэм зэдайщ ар, итІани, пэжыр нэрылъагъуКъэ? Бэлэтокъуэм зрищалІэхэр псори нэгъуейт, тэтэр унагъуэхэт... Сыт хуэдэ хьисэпу пІэрэ пщым абыкІэ зэрихьэр? Ахэр - бий? Ахэр - ныбжьэгъу? Езы кІэмыргуеипщІр-щэ?! Хэт ар езыр?

Пщыхьэщхьэ Іэнэр Іуахьжри, гъэнэгъу лъагъунльагъуэхэри зэбгрыкІыжат. ХьэщІэхэмрэ бысымэмрэ уэрщэхэрт. Мусльымэн нехьэкІ-къехьэкІ хэмылъу, Бэлэтокъуэм и риуубыдиІэри: - Уи жьлэм, зиусхэн, куэд щыгъуэ нэгъуейуэ е тэмэру?

- Унагъуэ щищым унагъуитІ-щы къахэкІынщ. Сытыт ущІыщІэупщІэр, си хьэщІэ! А-а-а, мыдэ... Кьызэгуроіуэ уи гурыщхъуэр кьызыхэкІыр. Мэжджытым хэхэс гуэрхэр кьыщыпІэщІэлъэгъуаэу арщ. Ауэ... зэхэпхакъэ Батыр ефэндым нетІэ жиІар?... Ахэр гъуэгурыкІуэщ. Бесльэнейм мыгувэу Іэпхъэнущ. Я лъэпкъэгъуэм нэхъ гъуэгурыкІуэ зыхуащІыну ягу иІыщ.

- КьызидикІыр дэнэ

ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

ЖьпІэнурацы, шыкІэ щІэныгъэ иІэт Абрэдж, ауэ гьащІэмэ пхыпІэыф, и дэхыпІэхэри фІыуэ зыщІэ цІыхут ар. ЩІэныгъэрэ зэфІэкІкІэ куэдым хьакъщ Шурдым зэщІэзэблэхэм я адажьым хэпІэ фІагьыр къазэрыпекІуэкІыжьам шэч хэлъкъым. Абы и щапхъэщ Абрэдж и къуэрылъху Шурдым Хьэпагуэ.

Нобэми яІэщІэмыхужьэ куэдым ящІэж ар, и цІэр нэхъыбэжми зэхахащ. Абрэдж и къуэрылъху щІалэм, и адэшхуэм хуэдэу, пасэу шыкІэ Іэкіуэлъакіуэ, шы тесыкІэ зыщІэ шууей бэлыхь кьищІыкІащ. Ар зыхэмыт джэгур джэгу мыхъуну жалІэу шыгъэджэгукІэ Іэзэт. Шыкіэ зэрыбгаджэм хуэдэу еджэнми хуэнэхъуеинШэт Хьэпагуэ. Революцим ипэ илъэсхэм къэхъуа щІалэр къэралым иухуэ гьащІэщІэм лъэ быдзкІэ хэуваш. Курыт еджапІэр кьиухэ нэужь. Хьэпагуэ ялэу егъэджакІуэу лэжьэну уавэхм ящыщщ. Абы фІэфІт щІалэгъуалэм яхэтын, псом хуэмыдэу шым хуеплъэкІ ныбжьыщІэхэм зыщыгъуаззэхэмкІэ ядзэгуэшэн. «Къэхъу щымыІэу шыр хигъэпщу ильэсыкІэ ящІ ли хьунущ», жиІэурэ дигъэкІырти, щІалэщІэхэр мышынэу, пщэрыльэ кьыщащІыр ягъэззщІэфу, кьиклуэт зэпыщІэу игъасэрт. Лъэныкъуэ куэдкІэ цІыху гъэщІэгъуэну кьызэрыкІырт Хьэпагуэ. Езыр ныбжькІэ щІалэми, нэхъыжь куэдым яхуэзэмыгъэзахуэ зэрирГъэзахуэрт, зытемыгушхуэхэм зрипщытырт. Махуэм иригъэджа щІалэгъуалэр, гупым яІэ кьудеймэ, шым тесу щІыпІэхэр яригъэлъагъуу Фэндыкъуэ итт, абы кьикІмэ, Жанокъуэ нэс дэкІыу зеикъуэщІыр кьиззхакІухьырт.

Хьэпагуэ къуажэ щІалэгъуалэр кьиззередауэр къалъытауэ кьащІэкІынщ, Кировым и цІэр зэрихьэу къуажэм дэт колхозым и комсомол къудамэм и секретару лэжьэну кьащІыхуягъэфэщ. КьиззэрыщІыгуГамкІи игъэщІэкъуэ щымыІэу жыпІэ хъунущ. Зеикъуэм и колхозыр кьэлэтыным еши псэхуи имыщІэу иужь итащ икІи щІалэ жьыджэрым хуэзэфІакІащ щІалэгъуалэр кьиззщІиІэтэу гуащІэдзкІ лжьыгъэр щІигъэхуэбжьэн. ЩІхьэзэблэжу щымыту жьлэ Іэухум хьэлэлу зэрыбгъаздтымкІэ щІэх Хьэпагуэ къуажэм и мызакъуэу, зэрыБахьсэн щІынальэуи кьащІыхуащ.

Ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэу, зэры-Кавказ Ищхъэрэу къапщтэмэ, щІыІэхэм ящыщщ Бахьсэн ГЭС-мрэ вольфрамымрэ молибденымрэ кьащІыщІахуу Тырныауэ дэта комбинатымрэ. 1930 гъэхэм цІыхур жанэ хьыхьарт абыхэм кьащІэт лэжьыгъэм. Зеикъуэ щІалэгъуалэр тезыгъэгушхуэу Бахьсэн ГЭС-ми комбинатми езыщэлІауэ щытар Шурдым Хьэпагуэщ. Абы и фІыгъэкІэ къуажэм дэс унагъуэ куэдым Іуэху яІэ хъуат, я псэныгъэри ирагъэфІакІуэу хуежьат.

Ауэ Хьэпагуэ нэхъ кьиззращІыжьыр адыгэш кьабзэм тесу Кавказыр, щІыпІэ щІалгъуэ кьимыгъанэу, зэрызэщІигъэхьауэ щытаращ. А зекІуэм еэым нэмыщІ хэтащ Кьардэн Іэюб, Абазэ Ибрэхьим, Сэбаншы Жантемыр, Быхьуэрэ Хьэжумар, Кьалмыкъ Хьэтал, Сыжажэ Мущтэфар, Ует Мацэ сымэ, нэгъуэщІхэри. Шым и пІалъэ зэрищІэр мис абы щыгъуэ хуабжьу кьыхуэщхьэпэжащ Хьэпагуэ. Зекіуэр кьыззэзыгъэпэщащэм языхэзти, гъэзгъкІи, гъэзмылэжкІи, епсыхьыгъэкІи, щэсыжьигъэкІи кьыщІэмыхуэу псомкІи гъуазэ хъун хуейт. ИкІи хъущ.

Мыбдеж си щхьэкІэ си нэгу щІэкІа зы Іуэхугъуэ кьыхэслхьэнут. ЕджапІэ нэхъыщхьэм дыщыщІэс илъэсхэм языхэзым кьыдбгъэдилъхьэ щІэныгъэр нэхъ куу ищІыну гукъыдэж зиІэ профессор Абдокъуэ Іуэес тхьэмыщІэм дыкъыхишри, цІыхуиплІ дыхъуу Дагъыстэм дишауэ щытыгъат, кавказыбзэхэр пхуэдажьмкІи къэпхутэнкІи Іэмал иІэкъым ахэр зэхъуумыхауэ, жиІэри. Мэхъэчкъалэ дыкъыщІежьэри, километри 170-м щІигъукІэ бгым дихьэри, Карата жьыхуэІэ къуажэм дыкІэгъат. Дызыдыхьа къуажэр бгыщхьэ гуэрым тест, удэкІыныр тынш дыдэтэкъым. Къытпежьахэм дыкъыздикІар кьыщащІэм, хэгъэрейхэм ныбжьышхуэ иІэу зы нанэ деж дашэгъауэ щытащ. «Дыхъыджэбздэсрэ зыкъитхыу щыщыт лъэхъэнэт, - кьригъэжьащ нанэм, - Къэбэрдейм хьэщІэ кьикІыу кьащІытхуэкІуам. Тхьэм ельэгъу, нобэми си нэгу щІэкІыжькъым адыгэ фащэр екІупсу я пкъым иту зэшхуэзэс защІэу къытхуеблэгъауэ щытыгъа къэбэрдей щІалэхэр. Псори шууейт. Гъэгуанэшхуи кьыззпачат, нэхъыбэжи якІун хуейт. Тукитэрэ Анчикрэ дас хъыджэбзхэр кьыдэхъуапсэу а пщыхьэщхьэм ди къуажэ дэпъа джэгур сыпсэуху сщыгъупщэнкьым. «Къэбэрдей» псалъэр зэхэтхырт, ауэ абы кІуэщІлъыр а щІалэхэм нэрылъагу тщащІауэ щытащ. Яхэта щІалэм и цІэр ноби сщыгъупщэркъым - Хьэпагуэ. Ар зыкІэ къафэрти, абы зыкІи щІигъэлъэтрити...». Къэбэрдейм икІыу я къуажэ, пхыдзам шым тесу зыри яхуепсыхагъэнкъым, 1935 гъэм зэры-Кавказу зэщІэзыгъэхьа хьэтІохъущкъуэй шууейкэр мыхъумэ. Апхуэдиз илъэсыр дэкІыжьми хуейт, нобэм къэсу а къуажэм а зекІуэр зэрыщащІэжыр зэхэтхын щхьэкІэ. Дэри куэдкІэ нэхъ мужькІэщ кьыщытщІар нанэм зи гугъу ищІ Хьэпагуэр хэтми...

1938 гъэм Хьэпагуэ Коммунист мэкъумэщ еджапІэ нэхъыщхьэр къиухри, ВЛКСМ-м и Бахьсэн революционнэ комитетым и япэ секретару яГъэващ. Бахьсэн щыналъэм и щІалэгъуалэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ядегъэкІуэкІыныр, я щІэныгъэм хэгъэхъуэныр кьалэн зыщІэщІыщІэжа Хьэпагуэ мы илъэсхэм лэжьыгъэшхуэ зэфІэгъэкІат. Мыбы щыгъуэщ щІэуэ къэунэхуэхэм ящыщу мэкъумэш техникэр гъэЗрыкуэныр, механизаторэр гъэхьэзырыным, Іэщ Іагъэлрхэр егъэджэным хэтІауэ куэд дыдэ щызэфІагъэкІауэ щытар. Щоджэнцыкіу Алий и «Линэ тракториствкэщ» усэм хэт Линэ хуэдэу жырышхэр къэзыгъэІэсэ цІыхуб гъэжьакІуэхэм я бжьгъэм щыхэхъуар Шурдым Хьэпагуэ я секретару щылэжьа илъэсхэрщ.

И ныбжьыр илъэс 28-рэ фІэкІа мыхъуауэ Хьэпагуэ и пашэ хъуащ щалъхуа къуажэм щызэхэт колхозым, Кировым и цІэр зезыхьэм. ЩІалэщІэр зыщхьащагъэува мэкъумэш Іэщ Іагъэлрхэр Къэбэрдейм щынэхъ ин дыдэхэм языхэзт, хадэ щІэным кьыдэкІуэу, Іэщ гъэхьэнри хэту зызыужь колхоз жырыпхэм къэзыгъэІэсэ цІыхуб гъэжьакІуэхэм я бжьгъэм щыхэхъуар Шурдым Хьэпагуэ я секретару щылэжьа илъэсхэрщ.

И ныбжьыр илъэс 28-рэ фІэкІа мыхъуауэ Хьэпагуэ и пашэ хъуащ щалъхуа къуажэм щызэхэт колхозым, Кировым и цІэр зезыхьэм. ЩІалэщІэр зыщхьащагъэува мэкъумэш Іэщ Іагъэлрхэр Къэбэрдейм щынэхъ ин дыдэхэм языхэзт, хадэ щІэным кьыдэкІуэу, Іэщ гъэхьэнри хэту зызыужь колхозыр егъэджэным хэтІауэ щытыгъа къэзыгъэІэсэ цІыхуб гъэжьакІуэхэм я бжьгъэм щыхэхъуар Шурдым Хьэпагуэ я секретару щылэжьа илъэсхэрщ.

Хьэпагуэ лэжьакІуэ емыгъэшыжу зэрыщытам хуэдэу, зи псэ емыблэжа зауэлІ хахуэт. КъигъэщІа мащІэм «Абрэдж и къуэ Шурдым Хьэпагуэ» жриГъэІэфащ, и пэжагьклІэ, и гупЦІанагьклІэ, и жьыджэрагьклІэ цІыхум ягу кьинэжащ.

Лъэужь дахэ къэзыгъэна Шурдым Хьэпагуэ хуэфэщэн унагъуэ дахи кьыщІэнащ. Зи щхьэгъусэр пасэу зыщхьэщыкІуриикІа Хьэцэ Къармокъуэ Іьостэнбэч ипхъуащ. Кьуажэм дэса нэхъыжьхэм ящыщу Шурдым Мусэбийрэ Щомахуэ Хуэсенрэ зэпадзыжу жаІэу щыта уэрэдыжьым мыпхуэдэ зы пычыгъуэ хэтщ: «Дэлыкъуэ хъуПІэхэр зи унэ, уа, ранэгу щхьэнтэкэр зи пІэщхьагъ, зыщхьэмысыжьурэ уа, зоуэ, уэ зэплъаКІуэхэми блэмыплъ, зэплъаХэми трещэ, ар езыр хэтхэ ящыщ жьпІэмэ, Мусэ щыкІу и кІуэкІэ Къармокъуэ Іьостэнбэчи» жиІэу. Іэджэ хъыбари пылъщ, хуабжьу ціыху жану, уанэгу пціащхъуэщ, хужаІэу и гъащІэр шым тесу ихьащ, лІы пхъащэу щытаци яІэтэтэж. ЦІыху набдзэгубдзаплъэт, зэтетт, быну къыщІэхъуари езым хуэдэу зэпІэззэрыт, сыт хуэдэ Іэухуми и пІалъэ къраГъэкІыу хъуащ. Хьэцэ зыІуува ІэнатІэм зригъэщІыкІакъым - бынищыр зыхуей хуиГъэзащ, иригъэджащ, щІэныгъэ яритащ.

Быным я нэхъыжь **Маруз** унагъуэ ихьащ, хъыджэбзитІрэ зы щІалэрэ игъэтащ. Дэлъху нэхъыщІитІым ящхьэщыубГъуауэ къэхуащ, жьпІэмэ ущымыуэну гумащІэу яхущытащ. ФІы быдэу еджапІэр къэзыуа Маруз сату-экономикэ щІэныгъэ зригъэгъуэтащ. ЦІыху щабэу, гулъытэ иІэу, ищІар тэдджыжкъым, жьпІэну зыпэрыхьэ Іуэхур Іэкіуэлъакіуэу зэфІигъэкІыу дунейм тетащ.

ЗэкъуэшитІым я пажэ **Нэжмудин** и Іэщ Іагъэкіэ егъэджакІуэщ, есэпым илъэс куэдкІэ хуригъаджэу Зеикъуэ къажэ дэт, генерал-майор Нэхущ Борис и цІэр зезыхьэ 3-нэ хуит еджапІэм щылэжьащ. Нэжмудин ящыщ Шафий Хьэчим иригъэджакъым. Нэхущ Іэдэм, Къалэжьокъуэ Хьэсэн, Бжьыхьэлі Хьэчим, Жэмыхъуэ Хьэчим сымэ яхуэдэу, Нэжмудин зи цІэ фІыкІэ зыгъэІуэхэм языхэзщ. ЕджапІэ нэхъыщхьэ фІы дыдэу къэзыуха щІалэм аспирантурэр кьыхуагъэльэгъуэ пэтми, и анэр кьыхуэзгъэнакъым, кьуажэм кьэкІуэжри, щІыхь пылъу, кьыдэкІуэтей щІалэгъуалэм и щІэныгъэмкІэ ядзэгуашэу кьэгъэугурыкІуащ. 1970 гъэм курыт еджапІэм и унафэщІу яГъэуври, илъэс 43-кІэ а Іэнатіэм пэрытащ. Шурдымыр унафэщІу щыдэта илъэсэращ еджапІэр Къэбэрдеймк щынэхъыфІ дыдэхэм ящыщу кьыщалъытар. Къэралым и фІыщІэгуапэ куэд зыхуагъэфэща Нэжмудин иджыпсту тІысыжауэ щысщ. Жьыщхьэ махуэ хъуа Нэжмудин зы къуэрэ пхъуитІрэ иІэщ, абы къащІэхъуэжа быным яхэсщ.

Зэрыбыным я нэхъыщІэр **Юрэщ**. ФІыщІэ куэд иІэщ, щІыпІэ куэдым кьыщащІыкуэ. И адэмрэ и къуэш нэхъыжьымрэ хуэдэу зы къыщІимыгъахуэу гуащІафІэу лэжьащ. «ЛІэужьыр бжьиблкІэ мауэ» жыхуаІэращи, и адэм и лъэужь иракІуащ Юрэ. Куэдрэ уэзыхэмызэ икІи плъыфэбэу зэхэт гъущІхэкІэмкІэ инженер-металлург Іэщ Іагъэр зригъэгъуэтри, Налышк къалэ дэт гидрометеллург заводым лэжьэн щыщІидзащ абы. Комсомолым и кьудамэу абдеж щыІэм и секретару щІалэ жьыджэрыр щыхахри, парт Іэнатіэмкіэ дакІуейуэ хуежьащ. Юрэ заводым и Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэм я Советым и тхьэмадэу, пропагандисту, ВЛКСМ-м и Налышк къалэ комитетым и бюрэмрэ комсомолым и щыналъэ комитетымрэ (обкомым) я лэжьакІуэу щытащ. И щІэныгъэкІи, и Іэщ Іагъэкіи кьэмыльэнджэжу зэрыщытым, Іэху зэвалІэр зыхуей хуэзэу зэрызэфІихьым папщІэ Шурдымыр мыгувэу ВЛКСМ-м и Налышк къалэ комитетым и япэ секретару хахауэ щытащ, а Іэнатіэмк и илъэсийкІэ пэрытащ. Зы къуэрэ зы пхъурэ зиІэ Юрэ быным я кьэупщІэнгъэм дзгуэшхуэ я жьантІэ дэсу мэпсэу.

ТАБЫЩ Мурат.
Зеикъуэ къуажэ

Зеикъуэ щыщ лІы гупым Кавказым и хуэреягъыр 1935 гъэм адыгэшхэм тесу къаКІуэщащ. Мис ахэр *(сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ щыслхэщ):* **Къардэн Іэюб, Абазэ Ибрэхьим, Сэбаншы Жантемыр, Шурдым Хьэпагуэ; щытхэр: Быхьуэрэ Хьэжумар, Къалмыкъ Хьэтал, Сыжажэ Мущтэфар, Ует Мацэ сымэщ.**

● Жыжьэ - гъунэгъу

Зи псэ емыблэжа лІыхъужьхэм папщІэ

Мэкъумэш хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкІэ Урысей академием и Кавказ Ищхъэрэ институтым щІэс Мэремщауэ Хъызыр «Хэкум и къуэхэр» дзэ-хэкупсэ клубым и унафэщІщ, апхуэдэуи абы еунэтІ къэлъыхъуакІуэ гупым и лэжьыгъэр. Абыхэм ирагъэкІ къэхутэныгъэхэм я фІыгъэкІэ наІуэ къэхъужащ зауэлІ 415-м я кІуэдыкІар.

МЭРЕМЩАУЭ Хъызыр Дзэлыкъуэ щыналъэм хыхьэ Малкэ къуажэм щыщщ. Ар жьыджэру яужь итщ и къуажэм и тхьдэм ехьэлІа дзэптэрхэр къэхутэжьыным. Хэку зауэшхуэм и зэманым Малкэ ІьагапІэхэм деж лІэнкъэнэну тхьэмахуэ бжьыгъэкІэ щызэпэщІэтащ советыдзэхэмрэ нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэмрэ. 1942 гъэм и фокІадэм къуажэр фашистхэм яубыдащ. Мазэ бжьыгъэкІэ бийм иІыгъауэ, 1943 гъэм щыщыІэм и 8-м Малкэр хуит къащІыжащ Дзэ ГлъэжьыкІи и зауэлІхэм. Абы щыгъуэ хэкІуэдахэм фэеплъхэр хуагъэуващ къуажэдэсхэм, къэралыр фашизмэм езымыгъэубыдахэм пщІэшхуэ зэрыхуащІым и щыхьэту. Малкэдэсхэм ящыщу а зауэм зи щхьэр хэзыльхьахэри къэралым и нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщу ди щІыналъэр зыхумахэри ноби ящыгъупщэркъым жьлэдэсхэм.

«Ди къэлъхьуакІуэ гупыр цІыху 11 мэхъу, класс нэхъыжьхэм щІэсхэри егъэджакІуэхэри яхэту, - жеІэ Мэремщауэ Хъызыр. - Гупым сэ 2012 гъэм сыхьыхьащ. Школьм сыщыщІэсым дзэ щІыхьым и музейуэ ди еджапІэм кьыщызэрагъэпэщам и экскурсоводу сыщытащ. Нэхъ иужькІэ «Хэкум и къуэхэр» дзэ-хэкупсэ клубым и унафэщІу сылэжьэну си пщэ кьралъхьащ. Кьыхьзэгъэщыну сыхуейщ ди лэжьыгъэм ехъулІэныгъэфІхэр кьыззэрырикІуэр».

Клубым хэтхэм къащІащ хъыбарыншэу кІуэдауэ кьалъытэу щытта зауэлІ 415-м я щІэ-унэщІэхэр, ахэр щыхэкІуэда щыІпІэхэр зэкагъэкІащ. Ахэр Кавказ щыналъэм папщІэ екІуэкІа зэпэщІэтыныгъэ гуащІэхэм хэта 295-нэ, 351-нэ фочауэ дивизэхэм щыщ зауэлІхэрт. Зи хьэдэ къупщхьэхэр, дэфтэрхэр кьагъэтыжа сэлэтхэм я Іыхьлхэм абыкІэ хъыбар ирагъащІэри, я Іуэху хуэхъумэ, къэкІуэнуи кьрагъэблэгъащ. Абыхэм ящыщ куэд Урысейм и пІанэпэ пхыдзахэм кьикІащ, я Іыхьлхэр щыхэкІуэда щІыпІэр зрагъэльэгъуну я нэ кьикІыу.

Малкэ къуажэр хуит кьыщащІыжьым хэкІуэда сержант Жадан Василий Георгий и къуэм и Іыхьлхэр Калининград къикІат. Иджыри къэс зи хъыбар ямыщІа я адэшхуэм и лъэужь текьуу абы и кьэкІуэкІыкІар къэзыкутэжахэм абыхэм фІыщІэу кьыхуащІар зыхуэдизыр псалъэкІэ къыпхуэІуэтэнукъым. Абыхэм музейм тыгъэ кьыхуащІащ дзэ кхъухьым и модель, гъущІым кьыхъащІыкІауэ.

Балюков Иосиф и къуэ Арсентий ипхъу Надеждэ Прохладнэ кьалэм щопсэу.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» си деждкІэ лъапІэ дыдэщ. Мы щыналъэ дахэр яхьумэурэ хэкІуэдахэр зэи зыщымыгъгъупщэ. Си гум кьыбгъэдэкІыу фІыщІэ яхузощІ кьэлъыхъуакІуэхэми кьуажэдэсхэми. Иджы мы жьлэр сэри згъэлъэпІэнущ сыкъыщащІыхуа щІыпІэм хуэдэу, мыбдеж си адэр щІэлъщІи. ЩІхьэщэ фхузощІ мыпхуэдэ Іуэху щхьэпэ езыгъэкІуэкІхэм», - жиІащ хэкІуэда сэлэтым и пхъум, ар къэлъыхъуакІуэхэм щаІущІам.

Малкэ дэт етІуанэ курыт школым и музейр 1975 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м къызэІуахауэ щытащ икІи илъэс 45-рэ хуауэ абы къэлъыхъуныгъэ лэжьыгъэхэр иregъэкІуэкІ. А зэманым къриубыдэу абы Іуэхугъуэфі куэд щызэфІагъэкІащ икІи республикэм и музей нэхъыфІхэм хабжэ. Абы щащхьэ илъэс зэхуэмыдэхэм зэхуахьэса экспонату минищІым нэблагъэ.

«Хэкум и кьуэхэр» клубыр быдзу япы-щІауэ ядолажьэ УФ-м Зыхъумэжныгъэмкіэ и министерствэм, республикэ, щыналъэ военкоматэм, Москва кьалэм дэт 1246-нэ курыт школым, Осетие Ищхъэрэм и Чикола кьалэм щыІэ 2-нэ курыт еджапІэм.

«Иджыпсту ди клубыр яужь итщ «Фэепть Блын» гъэувыным. Абы теттэнщу ди щыІпІэр бийм лъэгущІэтын ирамыгъэщІын папщІэ зи псэ емыблэжахэм я щІэунэщІэхэр. Ди лІыхъужьхэр псоми яцІыхун хуейщ, ахэр хъыбаршІэу кІуэд хуэнкъым! Абыхэм я цІэ-унэщІэхэр къэхутэжыныр псоми ди зэхуэдэ кьалэн ІьапІэщ», - жеІэ Мэремщауэ Хъызыр.

ДЖАТОКЪУЭ Марьянэ.

Ди щІыналъэри хэтщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм иджыблагъэ хъыбар зэбгригъэхащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ ИнкІэ зэриухрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур гъэлъэпІэным хуэгъэзауэ ди къэралым кьыщрахьэжьа, «#ТекІуэныгъэм ехьэлІа псалъэ 75-рэ» урысейпсо усэбзэ марафоным зэрыхьхьэмкІэ.

ОНЛАЙН-ЗЭПЕУЭМ хэтыну куитныгъэ иІэщ щыщыщ унагъуэм кьащхьэщыта я нэхъыжьыфІхэм кьызэранэкІа тхыгъэ гукъинэжхэм, фІыуэ ялъагъуу щыта тхьэлъэм къраха сатырхэр, усэхэр, абыхэм кьытращІыкІа видеокадрхэр, «#75словПобеды#МинкулъкБР#75летПобеды» хештегым щІэту, Интернетым и сыт хуэдэ сайтми изылъхьэхэр.

Ахэр зи Іэдакъэщ Іокіэм псалъэхэмрэ роликхэмрэ я щІабжьэм кІэщІатхэжьын хуейщ зыщыщ унагъуэм дежкІэ зи гугъу ящІам мыхьэнэуэ иІэр зыхуэдизыр къэзыгъэнаІуэ сатырхэри.

БЭРАУ Бышэ.

● Оперативнэ штабым къет

2020 гъэм мэлыжьыхьым и 22-м ирихьэлІэу

Уэзр япкърытра япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжьыгъэ - 9.506-рэ

Сымаджэ хъуахэр - 193-рэ

Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу къахутахэр - 23-рэ

Хъужахэр - 15

Вирусым и зэранкІэ дунейм екьыжахэр - 1

Я унэхэм щІэсу зыкІэлъыплъхэр - 1293-рэ

«Кавказым и усакІуэшхуэхэр»

● ТхыгъэщІэ

Аращ и фІэщыгъэр Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэр зи ужь ихьа серием. Абы и япэ тхылъыр къыдэкІынущ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъу махуэр, накъыгъэм и 9-р, къэмыс щыкІэ.

САУГЪЭТУ тыным хэущІа къыдэкІыгъуэ гъэщІэгъэунщ ахэр, тхыгъэхэр урысыбзэрэ инджылызыбзэкІэ итщ. Миллиметри 110-рэ зи бгъуагъ, 170-рэ зи лъагагъ тхылъым и тебзэм пкъы щІэтщ, дыжьынысКІэ хьэрфхэр тетхащ, уздынэсар тыншу къэпщІэжьын папщІэ, лентІ цІыкІу дэдащ. Дэтхэнэ тхылъми и бжьыгъэр 999-рэ хъууэ щытынущ, лэжьыгъэм и кІэм итщ ар дунейм кьытехьэныж зи мылъку хэзылъхьахэм я щІэ-унэщІэхэр.

ИщхьэкІэ зи гугъу тщІа тхылъыр, мыгувэу щІэджыкІакІуэхэм я Іэрыхьэнур, балъкъэр усакІуэ цІэрыІуэ Кулиев Къайсын ейщ.

«Кавказым щыпсэу дэтхэнэ лъэпкъри щыгъуаззщ псалъэр зыгъэІурыщІэ и тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ я гуащІэм, я фешепльыр цІыхугъэм, музейхэм щахъымэ, усыгъэ фестивалхэм щагъэлъапІэ, - щатх Котляров зэщхьэгъуэгъэм тхылъым и пэублэ псалъэм. - Апхуэдэуи Кавказым и къуршхэм я лъагапІэхэм зэрахьэ Пушкин Александр, Руставели Шота, Карим Мустай, КІыщыкъуэ Алим, Кулиев Къайсын сымэ я цІэхэр.

Кулиев Къайсын и Іэдакъэщ Іокіэхэм дахьэх къэрал зэмылІэужьыгьуэхэм щыпсэу цІыху куэд. Балъкъэр лъэпкъым и бзэ гъэхуакІэ тхащ ахэр, лъагъуныгъэм, щІыуэпсым, цІыхупсэм, гъащІэм, нэгъуэщІхэм ящІэльэ щхьэхэмкІэ гъэнщІащ. УсакІуэр куэд щІащ дунейм зэрехьжьрэ, атІэми зэманым фагъуэ дэмыхьэуауэ и псалъэр псэущ, и гупсысэр нахуащ, цІыху хуэпсапІэхэр, нэхъыбэу щхьэхуитныныгъэр, мычэму къэзыІуатэ усэщ и Іэдакъэщ Іокіэхэр. Усыгъэм и нэхъ лъэщыпІэр дзахэм кьыкІащ, я Іыхьлхэр щыхэкІуэда щІыпІэр зрагъэльэгъуну я нэ кьикІыу.

Малкэ къуажэр хуит кьыщащІыжьым хэкІуэда сержант Жадан Василий Георгий и къуэм и Іыхьлхэр Калининград къикІат. Иджыри къэс зи хъыбар ямыщІа я адэшхуэм и лъэужь текьуу абы и кьэкІуэкІыкІар къэзыкутэжахэм абыхэм фІыщІэу кьыхуащІар зыхуэдизыр псалъэкІэ къыпхуэІуэтэнукъым. Абыхэм музейм тыгъэ кьыхуащІащ дзэ кхъухьым и модель, гъущІым кьыхъащІыкІауэ.

Балюков Иосиф и къуэ Арсентий ипхъу Надеждэ Прохладнэ кьалэм щопсэу.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» си деждкІэ лъапІэ дыдэщ. Мы щыналъэ дахэр яхьумэурэ хэкІуэдахэр зэи зыщымыгъгъупщэ. Си гум кьыбгъэдэкІыу фІыщІэ яхузощІ кьэлъыхъуакІуэхэми кьуажэдэсхэми. Иджы мы жьлэр сэри згъэлъэпІэнущ сыкъыщащІыхуа щІыпІэм хуэдэу, мыбдеж си адэр щІэлъщІи. ЩІхьэщэ фхузощІ мыпхуэдэ Іуэху щхьэпэ езыгъэкІуэкІхэм», - жиІащ хэкІуэда сэлэтым и пхъум, ар къэлъыхъуакІуэхэм щаІущІам.

Малкэ дэт етІуанэ курыт школым и музейр 1975 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м къызэІуахауэ щытащ икІи илъэс 45-рэ хуауэ абы къэлъыхъуныгъэ лэжьыгъэхэр иregъэкІуэкІ. А зэманым къриубыдэу абы Іуэхугъуэфі куэд щызэфІагъэкІащ икІи республикэм и музей нэхъыфІхэм хабжэ. Абы щащхьэ илъэс зэхуэмыдэхэм зэхуахьэса экспонату минищІым нэблагъэ.

«Хэкум и кьуэхэр» клубыр быдзу япы-щІауэ ядолажьэ УФ-м Зыхъумэжныгъэмкіэ и министерствэм, республикэ, щыналъэ военкоматэм, Москва кьалэм дэт 1246-нэ курыт школым, Осетие Ищхъэрэм и Чикола кьалэм щыІэ 2-нэ курыт еджапІэм.

«Иджыпсту ди клубыр яужь итщ «Фэепть Блын» гъэувыным. Абы теттэнщу ди щыІпІэр бийм лъэгущІэтын ирамыгъэщІын папщІэ зи псэ емыблэжахэм я щІэунэщІэхэр. Ди лІыхъужьхэр псоми яцІыхун хуейщ, ахэр хъыбаршІэу кІуэд хуэнкъым! Абыхэм я цІэ-унэщІэхэр къэхутэжыныр псоми ди зэхуэдэ кьалэн ІьапІэщ», - жеІэ Мэремщауэ Хъызыр.

ДЖАТОКЪУЭ Марьянэ.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кхъэдэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Мариэ,** *корректорэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Мариэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кхъэдэз), **ЖылаСэ Зауэбэч** (редактор нэхъыщхьэм и кхъэдэз), **Ширдий Мариэ** (редактор нэхъыщхьэм и кхъэдэз), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Кьумахуэ Аслъэн, НэщІэнэджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщ Іапі эхэм ядолажьэнымкІэ - 42-60-53; узышнагъэр хъуэмэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэтхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагьмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъаззэм и 19-м Печатным и хуитныныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, БэсэнІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5А

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.099 ● Заказ № 789